




Resous Mondyal pou Edikasyon ak
Mwayen pou Jèn yo goumen kont
Koripsyon

Konstrui yon monn ki aksepte tout moun, ki gen jistis ak lapè - Fich pedagogik pou ansèyman primè





REMÈSIMAN AK DWA OTÈ :



© Nasyonzini 2022

Piblikasyon ki revize a disponib epi li aksesib sou Open Access sou lisans Attribution-ShareAlike 3.0 IGO (CC-BY-SA 3.0 IGO).

Biwo Nasyonzini kont Dwòg ak krim (ONUDD) ta renmen resevwa yon kopi tout piblikasyon ki te itilize dokiman sa tankou yon sous nan travay yo.


Yo ka fè kopi tout piblikasyon sa a oswa yon pati ladan li, sou nenpòt fòm, nan objektif pou edike oswa san pwofi, san otorizasyon moun ki genyen dwa otè a, a kondisyon yo site sous la.

Non yo itilize nan piblikasyon sa a ak done yo prezante ladan yo, pa enplike okenn pozisyon sekretarya Òganizasyon Nasyonzini an pran konsènan estati legal peyi, teritwa, vil oswa zòn ak otorite yo, ni konsènan limit fwontyè yo.

AVI KI PALE SOU SA YO PA RESPONSAB :

Kontni piblikasyon sa a pa reflekte nesèsman avi oswa politik ONUDD, Eta manm yo, oswa òganizasyon k ap kontribye yo, epi li pa enplike okenn apwobasyon non plis.

Sèvis Koripsyon ak Krim Ekonomik (CEB) ki nan ONUDD te devlope zouti pedagogik sa nan kad inisyativ Edikasyon pou Jistis nan Pwogram mondyal pou aplikasyon Deklarasyon Doha a.



Tab Matyè

	Plan leson sou	Valè ak Konpetans yo	Laj	Pwoblematik	Objektif aprantisaj la	Paj
01 Mwen ta renmen genyen yon kominote kote...	Yon Eta dedwa, jistis ak kilti legalite.	Valè yo :     Konpetans :    	6 a 12 lane	Kisa nou kapab fè pou kominote nou an aksepte tout moun, pou l gen jistis ak lapè?	• Idantifye kòman entegrite ak konpòtman etik yo kapab kontribye nan fè kominote nou an yon kote ki aksepte tout moun, ki gen jistis ak lapè ; • Dekri kòman moun nan kominote yo kapab kontribiye nan pwoteksyon ak amelyorasyon kominote yo a ; • Aji oswa respekte valè k ap fè kominote nou an vin yon anviwònman ki aksepte tout moun, ki gen jistis ak lapè.	09-15
02 Rete an sekirite sou Entènèt	Itilize entènèt la yon fason ki responsab.	Valè yo :    Konpetans : 	6 a 9 lane	Kòman nou kapab itilize entènèt la yon fason ki an sekirite epi ki responsab pandan n ap amize nou ?	• Rekonèt sitiyasyon ak konpòtman ki ka reprezante yon danje oswa ki riske sou Entènèt ; • Idantifye règ pou evite sitiyasyon ak konpòtman ki reprezante yon danje oswa ki riske sou Entènèt ; • Idantifye estrateji pou itilize lè w nan sitiyasyon ak konpòtman ki ka reprezante yon danje • oswa ki riske sou entènèt la.	16-21
03 Youn respekte lòt sou Entènèt la	Sekirite sou Entènèt ak konpòtman etik anliy.	Valè yo :  Konpetans :   	9 a 12 lane	Kòman mwen kapab kominike nan respè sou entènèt la?	• Rekonèt resanblans ak diferans ki genyen ant kominikasyon anliy ak kominikasyon ki pa anliy ; • Bay kèk egzanp kominikasyon ki fèt nan respè ak sa ki pa fèt nan respè sou entènèt la ; • Idantifye estrateji ki adapte ak laj pou yon konpòtman etik ak respè ki fèt anliy oswa ki pa fèt anliy ; • Rekonèt kòman konpòtman etik yo ak respè ki fèt anliy oswa ki pa fèt anliy kapab ede nou konstrui sosyete ki gen jistis ak lapè.	22-26
04 Nou tout ka yon ewo	Sèks Moun.	Valè yo :    Konpetans :  	6 a 9 lane	Kisa ki estereyotip sèks epi poukisa yo nui sosyete a?	• Reflechi sou sijè a epi rekonèt chak moun inik ; • Rekonèt epi reflechi sou estereyotip sèks yo. • Konprann poukisa estereyotip yo nui sosyete a.	27-36
05 Respè pou tout moun	Prevansyon krim ak jistis penal.	Valè yo :    Konpetans :   	9 a 12 lane	Kisa ki estereyotip ak prejije? Kijan nou ka asire nou nou trete tout moun ak respè?	• Konprann sans respè ; • Rekonèt estereyotip ak prejije yo ; • Konprann gwo konsekans estereyotip ak prejije yo genyen ; • Ankouraje divèsite.	37-42

Tab Matyè

	Plan leson sou	Valè ak Konpetans yo	Laj	Pwoblematik	Objektif aprantisaj la	Paj
06 Nou tout gen dwa !	Dwa timoun yo.	Valè yo :    Konpetans :  	9 a 12 lane	Ki dwa timoun yo epi kijan pou defann valè yo reprezante yo?	• Rekonèt tout timoun gen dwa ; • Idantifye kèk dwa timoun yo genyen ; • Konprann gen kèk timoun ki pa jwi menm dwa ak tout lòt timoun ; • Adopte aksyon ak konpòtman ki reflekte angajman ou ak valè Konvansyon Nasyonzini sou Dwa Timoun (CIDE) yo ankouraje yo.	43-49
07 Yon mozayik diferans.	Viv ansanm nan lapè, respè, ak akseptasyon.	Valè yo :    Konpetans :  	9 a 12 lane	Kisa ki fè nou inik ? Poukisa yo ta dwe valorize epi selebre diferans nou ?	• Konnen ou menm ak lòt moun yo inik ; • Selebre divèsite nan mitan kamarad klas yo ; • Konprann epi apresye valè divèsite yo ak diferans yo.	50-56
08 Pi bon bagay pou w fè	Etik ak entegrite.	Valè yo :   Konpetans :  	6 a 9 lane	Ki konsekans aksyon m yo ? Poukisa li enpòtan pou m pran bon desizyon an ?	• Konprann kijan aksyon ak chwa endividyèl yo ka gen konsekans pozitif oswa negatif sou nou menm, sou lòt moun ak sou anviwònman an ; • Rekonèt epi valorize konpòtman pozitif yo ak respè pou lòt moun ak pou anviwònman an ; • Idantifye bon desizyon pou pran yo lè w fas ak chwa difisil yo epi konprann kijan pou deside sa ki pi bon pou w fè yo.	57-60
09 Rezoud dilèm etik yo	Entegrite, etik ak onètete.	Valè yo :   Konpetans :  	9 a 12 lane	Kisa entegrite, etik ak onètete ye ? Poukisa li enpòtan pou w pran bon desizyon an menm lè pa gen moun k ap gade? Poukisa li enpòtan pou di sa ou panse epi pou w panse sa ou di ?	• Konprann sans ak enpòtans entegrite, etik, ak onètete. • Reflechi sou enpòtans sa genyen pou w onèt sou entansyon ak motivasyon ou genyen anvè lòt moun. • Konprann poukisa li enpòtan pou aksyon w yo koresponn ak pawòl ou yo. Idantifye konsekans malonèt ak konpòtman ki kontrè ak etik yo.	61-69





Entwodiksyon

Konstriksyon yon kilti ki rejte koripsyon nan sosyete yo dwe kòmanse ak edikasyon jèn yo.

Aprantisaj sou entegrite, etik ak onètete, ansanm ak fason pou aplike valè sa yo nan chwa jèn yo ap fè chak jou, se eleman fondamantal pou prepare timoun yo pou yo vin aktè nan chanjman an epi pou yon kontribye nan kreye yon monn ki aksepte tout moun, ki gen jistis ak lapè.

Pwofesè yo ak fanmi yo ka gen yon enpak siyifikatif lè yo bay timoun yo valè ak konpetans ki nesè pou yo gen yon enpak pozitif nan sosyete a, epi lè yo bati yon kilti ki baze sou entegrite.

Kisa inisyativ GRACE la ye ?

inisyativ GRACE (Resous Mondyal pou Edikasyon ak Mwayen pou Jèn yo goumen kont Koripsyon), se Sèvis Koripsyon ak Krim Ekonomik ki nan Biwo Nasyonzi kont Dwòg ak Krim (ONUDD) ki kreye li, li gen objektif pou l etabli yon kilti ki rejte koripsyon pami timoun ak jèn yo pandan n ap itilize pouvwa transfòmasyon edikasyon an ak patenarya yo. Li vle reyalize sa pandan l ap bay materyèl pedagogik ki adapte ak laj timoun yo sou sijè ki gen rapò ak etik, entegrite, batay kont koripsyon, prevansyon krim, ak eta dedwa.

Nan nivo primè (timoun ki gen ant 6 a 12 lane), materyèl ak zouti pedagogik GRACE bay pou l ekipe timoun yo ak konpetans tankou rezolasyon konfli, panse kritik, anpati ak travay an ekip, pandan y ap pwomote epi anseye valè tankou akseptasyon, egalite, entegrite ak respè.

Resous ak ansèyman inisyativ GRACE bay yo kontribye nan reyalizasyon 17 Objektif Devlopman Dirab nan Ajannda 2030, espesyalman Objektif 4, 5, 10 ak 16.

Poukisa edikasyon sou etik, entegrite, ak eta dedwa enpòtan ?

Edikasyon jwe yon wòl fondamantal nan konstrui yon kilti ki respekte lalwa, nan prevansyon krim, vyolans, ak koripsyon. Se poutèt sa, li enpòtan pou kòmanse aprantisaj sa a bonè nan chimen edikasyon yon timoun, pou yo ka konnen pwoblèm mondyal yo ak defi eta dedwa a ap fè fas yo epi ki afekte sosyete nou yo.

Pou reyalize objektif sa a, chak plan kourikoulòm pwomote yon edikasyon ki baze sou valè epi k ap ede timoun yo gen konpetans ak valè k ap bati kominote ki asepte tout moun, ki gen jistis, ak lapè, ki rejte koripsyon epi ki respekte eta dedwa a. Sa ap ede timoun yo konprann kijan chak moun ka pote chanjman epi kontribye nan yon sosyete ki pi dirab, ki aksepte tout moun, ki gen jistis, ak lapè.

Pou kiyès manyèl sa ye ?

Manyèl sa a fèt pou pwofesè yo ansanm ak moun ki travay nan anviwònman edikatif fòmèl oswa enfòmèl nan nivo primè (ak timoun ki gen laj ant 6 ak 12 lane).





Kisa n ap jwenn nan manyèl sa ?

Manyèl sa a bay pwofesè yo zouti pou edike timoun yo sou entegrite, anseye yo fè sa ki dwat, menm lè pa gen moun k ap gade oswa lè pa gen risk pou yo pini yo, men plis paske nou rekonèt enpòtans valè yo epi nou vle kontribye nan konstrui sosyete ki aksepte tout moun, ki gen jistis, ak lapè, epi ki pa gen koripsyon.

Manyèl la gen nèf plan leson. Leson yo varye: gen kèk ki pi adapte pou timoun ki nan premye sik primè (ki gen laj 6 ak 8 lane) epi gen lòt ki pi adapte pou timoun ki nan dezyèm sik primè (ki gen laj 9 ak 12 lane). Tout plan leson yo prezante yon fason ki konplè epi ki klè. Lè yo suiv enstriksyon yo, pwofesè yo ka gide timoun yo nan aktivite yo byen fasil.

Plan leson yo nan manyèl sa a baze sou aplikasyon yon metodoloji ansèyman ki chita sou konpetans ki nesèsè nan lavi chak jou. Leson yo se pou transmèt konesans epi devlope konpetans, pou anseye valè kle tankou akseptasyon, egalite, respè, entegrite, ak responsablite, ansanm ak konpetans kle tankou panse kritik, rezolisyon konfli, travay an ekip ak anpati. Lè timoun yo rekonèt kijan valè ak konpetans sa yo kontribye nan konstrui sosyete ki aksepte tout moun, ki gen jistis, ak lapè, ki san koripsyon, timoun yo aprann apresye yo, adopte yo nan lavi chak jou, epi batay kont konpòtman ki pa bon yo.

Leson yo santre sou timoun epi yo baze sou aprantisaj aktif. Apwòch sa a konsidere timoun yo kòm moun ki kapab epi ki konpetan depi piti, tankou aktè sosyal ki gen valè epi ki aktif, ki gen yon konpreyansyon ak kapasite pou fòme monn pa yo. Pwofesè ak paran yo pa ta dwe konsidere yo tankou yon veso vid ki bezwen ranpli. Okontrè, timoun yo ta dwe gen otorizasyon pou kontribye nan fòme ak dirije pwosesis aprantisaj la, kote bezwen yo ak diferans yo ta dwe nan mitan pwosesis la.

Wòl pwofesè a nan kontrui yon monn ki aksepte tout moun, ki gen jistis ak lapè

Fason ou anseye a enpòtan menm jan ak sa w ap anseye a. Pou yon pwofesè ka anseye leson yo byen, li dwe aji antanke yon modèl nan klas la ak lè l pa nan klas la.

Li enpòtan pou kreye yon anviwònman aprantisaj ki favorab, ki baze sou konpetans ak valè inisyativ GRACE yo ankouraje yo. Anviwònman sa a dwe ankouraje aprantisaj, panse kritik, anpati ak travay an ekip, tout pandan l ap asire timoun yo jwenn gid ak sipò pou viv ak entèraji youn ak lòt yon fason ki etik.

Yo dwe ankouraje timoun dekouvri sijè yo ansanm, panse yo dwe kritik, epi yo dwe jwenn sipò pou dekouvri posibilite pou yo aprann poukont yo. Pwofesè yo dwe ede enspire kreyativite epi yo dwe ede nan libere potansyèl chak timoun. Konsa, y ap kapab idantifye kijan pou simonte obstak eta dedwa yo epi fè kominote yo vin pi dirab, gen plis jistis, aksepte tout moun, epi gen lapè.





Kòman pou w itilize manyèl sa a:

Leson ki baze sou plan yo pwopoze nan manyèl sa a dwe fèt nan konvèsasyon epi li dwe amizan. Yo ankouraje pwofesè yo pou yo kreyatif epi pou yo adapte leson yo selon konesans yo sou pratik, kwayans, ak sansibilite lokal yo.

Leson yo se pou fè timoun yo reflechi sou pwòp lavi yo pandan y ap baze yo sou tèm y ap anseye yo a. Pou ede yo reyalize objektif sa a, li nesèsè pou ba yo yon espas pou pataje ide ak eksperyans yo, pou yo ka aprann ansanm ak pwofondi konpreyansyon yo sou sijè yo.

Paj apèsi :

Ribrik sa a montre ou sou ki domèn nan travay ONUDC leson sa a ap pale.



RETE AN SEKIRITE SOU ENTÈNÈT

Plan leson sou :

Itilizasyon entènèt yon fason ki responsab.

Konsèy pou w adapte leson yo nan diferan kontèks ak nan diferan reyalyte :

- Leson ki apwopriye pou timoun ki gen aksè ak entènèt la, lè yo nan lekòl la oswa deyò lekòl la.
- Panse pou w modifiye eleman ki nan plan leson an ki pa apwopriye ak anviwònman lan.

Objektif aprantisaj la :

Nan fen leson sa a, timoun yo ta dwe kapab :

- Rekonèt sityasyon ak konpòtman ki ka reprezante yon danje oswa ki riske sou Entènèt ;
- Idantifye règ pou evite sityasyon ak konpòtman ki reprezante yon danje oswa ki riske sou entènèt ;
- Idantifye estrateji pou itilize nan sityasyon ak konpòtman sou entènèt ki ka ki reprezante yon danje oswa ki riske.

Kòman pou w itilize plan leson sa :

Plan leson sa divize an twa pati : **Entwodiksyon**, **Aprantisaj** et **Refleksyon**. Li gen ladan l tou ribrik **Oryantasyon** pou ede w apwofondi konesans ou sou sijè espesifik yo. Anplis, ou pral jwenn bwat ki pwopoze aktivite an **Fanmi** ak aktivite **Sipleman** ki pa obligatwa pou eksplòre plis bagay sou sijè leson an.

Apèsi nan leson an :

Leson an kòmanse ede timoun yo konprann resanblans ak diferans ki genyen ant monn reyèl la ak monn vityèl la. Timoun yo dwe idantifye eleman pozitif nan monn vityèl la epi reflechi sou sityasyon oswa konpòtman yo ka jwenn ki reprezante yon danje.

Après, timoun yo dwe panse ak teknik pou adopte lè yo rankontre yon sityasyon ki ka reprezante yon danje, lè yo pa santi yo an sekirite sou entènèt, oswa lè yo fè fas ak yon bagay sou entènèt yo pa konprann oswa bagay yo gen kesyon sou li. Yo dwe aprann itilize panse kritik yo pou pwopoze règ sekirite debaz pou yo suiv lè yo sou entènèt la. Aktivite a ede yo rekonèt enpòtans pou itilize entènèt la nan respè ak etik epi poukisa nou dwe konpòte nou avèk respè menm lè pa gen moun k ap gade oswa lè gen kèk moun ki pa respekte nou.

Tanpri sonje aktivite sa a pa fèt pou detekte si timoun yo te gen eksperyans negatif sou entènèt. Se yon sijè nou dwe trete ak pridans. Timoun yo ka santi yo wont oswa yo ka jennen parapò ak yon bagay yo te wè, tande, fè, oswa resevwa sou entènèt. Evite mande yo pataje eksperyans negatif yo te fè sou entènèt. Men, kèlkeswa eksperyans pwoblematik ki ka rive, fè atansyon pou pa fè yo santi yo wont oswa jennen.

Pwoblèm etik :

Kijan pou w itilize entènèt la nan leson ki an sekirite ak ki responsab pandan y ap amize n.

Laj :

6 a 9 lane

Valè yo :



Konpetans :



Dire :



Preparasyon ak sipò Kou a :

- Desine yon figi kontan ak yon lòt tris sou de fèy papye. Mete yo chak nan kwen sa la.
- Desine yon liy atè a epi fè espas pou timoun yo ka deplase byen fasil nan klas la.
- Tablo fèy mobil (ki rele tou tablo papye oswa paperboard yon fo anglis, non ki kòrèk la an anglè se flipchart) oswa tablo nwa.
- Makè.
- Si sa posib, gade **videyo** Zorbs yo ki rele « Ti ekran, gwo pwoblèm (Petit écran, gros problèmes) » oswa li **band desine** ki koresponn lan, tou de disponib sou sit entènèt inisiyativ **GRACE**.
- Anplis, dekouvri **band desine pou kolorye a** ak **liv pou timoun yo**, tou de disponib sou sit entènèt inisiyativ **GRACE** la.

Tranch laj sa a dwe sèvi kòm yon oryantasyon,

Men sou ki valè ak konpetans **GRACE** leson an ap pale.


Yo bay longè leson an tankou yon oryantasyon. Li ka pi long oswa pi kout selon gwosè klas la, epi li ka fèt nan yon sèl oswa nan plizyè jou. Yo ankouraje pwofesè yo pou yo ajiste dire leson an pou li kapab pi byen adapte ak sikonstans klas la.



Resous Mondyal pou Edikasyon ak Mwayen pou Jèn yo gouden kont Koripsyon

16





Kijan chak plan leson yo òganize ?

Chak leson yo divize an 3 pati :

Entwodiksyon

Aprantisaj

Refleksyon

Yo abòde tèm leson an nan **Entwodiksyon an**, epi yo detaye aktivite leson an nan pati **Aprantisaj la**.

Aktivite nan pati **Refleksyon** an se pou ankouraje timoun yo reflechi sou sa yo te aprann epi pou yo devlope konpreyansyon yo sou tèm lan.

Li pi bon pou anseye twa pati yo ansanm. Poutan si ou pa gen ase tan, ou ka diminye segman yo selon bezwen ou oswa ou ka anseye twa pati yo apa.



Ribrik Oryantasyon :

Kaz sa yo gen enfòmasyon ki pou ede w kòmanse epi devlope diskisyon w ak timoun yo. Enfòmasyon sa yo ap ede w abòde tou kesyon ki sansib yo epi devlope konpreyansyon sou sijè espesifik yo.

Aktivite Siplemanchè :

Ou wè sijè a entèresan epi ou swete ede timoun yo aprann plis sou li ? Kaz sa yo bay sijesyon sou kijan pou pwolonje aktivite aprantisaj la oswa pou kòmanse yon pwojè nan klas la.



Aktivite an fanmi :


Pou aprann yon fason efikas valè ak konpetans epi pou fòme konpòtman yo, li enpòtan pou ankouraje timoun yo kontinye aprantisaj la pa sèlman nan klas la.

Timoun yo ka fè ti aktivite senp sa yo lakay yo ak fanmi yo pou ede yo atenn objektif sa a.

Timoun yo ap kontinye dekouvri sijè yo etidye nan klas la pou yo ka pi byen apwofondi konesans yo sou ansèyman yo te resevwa a.

Y ap envite timoun yo fè aktivite sa yo lakay yo epi si sa posib, pou yo pataje sa yo te aprann nan klas la ak fanmi yo.





MWEN TA RENMEN GEN YON KOMINOTE KOTE...

Plan leson sou :

Eta dedwa, jistis ak kilti legalite.

Konsèy pou w adapte leson yo nan diferan kontèks ak nan diferan reyalite :



- Suiv enstriksyon ki nan ribrik **Oryantasyon** an epi adapte leson w lan selon laj timoun yo.

Objektif Aprantisaj la :



Nan fen leson sa a, elèv yo ta dwe kapab :

- Idantifye kòman entegrite ak konpòtman etik yo kapab kontribye nan fè kominote nou an yon kote ki aksepte tout moun, ki gen jistis ak lapè ;
- Dekri kòman moun nan kominote yo kapab kontribye nan pwoteksyon ak amelyorasyon kominote yo a ;
- Aji oswa respekte valè k ap fè kominote nou an vin yon anviwònman ki aksepte tout moun, ki gen jistis ak lapè.

Kòman pou w itilize plan leson sa :




Plan leson sa divize an twa pati : **Entwodiksyon**, **Aprantisaj** ak **Refleksyon**. Li gen ladan l tou ribrik **Oryantasyon** pou ede w apwofondi konesans ou sou sijè espesifik yo. Anplis, ou pral jwenn bwat ki pwopoze aktivite an **Fanmi** ak aktivite **Siplemantè** ki pa obligatwa pou eksplòre plis bagay sou sijè leson an.

Apèsi nan leson an :



Lèsan sa a se pou fè timoun yo konnen prensip ak valè ki fè fondasyon yon kilti ki gen entegrite ak onètete epi ki pèmèt yo konbat koripsyon ak enjistis. Lè n ap imajine yon kominote ki pi dirab, ki gen jistis, ki aksepte tout moun epi ki gen lapè, sa ankouraje timoun yo pou yo reflechi sou enpòtans pou trete moun ki nan antouraj yo epi ki nan anviwònman yo ak swen epi respè, ansanm ak nesite pou travay ansanm epi aji pou pwoteje planèt nou an ak amelyore fason nou viv ansanm.



Pwoblematik :

Kisa nou ka fè pou fè kominote nou an vin yon kote ki aksepte tout moun, ki gen jistis ak lapè?

Laj :

6 a 12 lane

Valè yo



Konpetans :



Dire :




Preparasyon ak sipò Kou a :

- Materyèl pou fè desen (fèy nan fòma afich, kreyon koulè).
- Materyèl pou fè kolaj (vye magazin, sizo, kòl, fèy nan fòma afich).
- Tablo fèy mobil (ki rele tou tablo papye oswa paperboard yon fo anglis, non ki kòrèk la an anglè se flipchart).
- Makè.
- Riban adezif.
- Kat pou valè yo: kreye yon seri kat ki gen valè yo pou chak timoun sou yon papye. Tout kat yo dwe mezire anviwon 4x4 cm epi endike youn nan valè sa yo : akseptasyon, ekite, respè, entegrite, anpati, responsablite. Chak timoun dwe resevwa yon lo kat, yon kat pou chak valè yo. Si sa posib, itilize yon koulè papye diferan pou chak valè yo.
- Si sa posib, gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele «Yon nouvo kòmansman (Un nouveau départ)» oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, yo toude disponib sou sit entènèt Inisyativ [GRACE](#).
- Anplis, dekouvri [band desine](#) pou [kolorye](#) ak [liv pou timoun yo](#), toude disponib sou sit entènèt inisyativ GRACE.

Entwodiksyon



1. Mande chak timoun yo pou yo reflechi sou kesyon sa yo:
 - « Ki bagay ou renmen nan kominote ou a ? »
 - « Ki bagay ou renmen nan anviwònman ou an ? »
 - « Kisa ou panse de konpòtman ak atitid moun yo ? »
2. Envite timoun yo pou yo travay pandan y ap fè yon gwoup de moun epi diskite ansanm sou repons yo. Aprè kèk minit, mande chak gwoup de moun yo pou yo pataje ide yo ak kamarad yo nan klas la. Note repons yo sou yon tablo ki gen fèy mobil yo.
3. Poze kesyon sa yo epi repete egzèsis diskisyon an ak pataj la:
 - « Kisa ki ta ka amelyore oswa chanje nan kominote ou a ? »
 - « Kisa ki ta ka amelyore oswa chanje nan anviwònman an ? »
 - « Kisa ki ta ka amelyore nan konpòtman ak atitid moun yo ? »



Ribrik Oryantasyon :

Yo itilize tèm kominote a nan tout plan leson sa a. Tip kominote tèm sa a fè referans lan ka varye. Li ka fè referans ak tout monn lan, yon peyi, yon eta, yon rejyon, yon vil, yon katye, yon gwoup zanmi, yon lekòl oswa yon klas.

Antanke pwofesè, ou dwe idantifye sou ki tip kominote ou vle pale selon laj ak enterè timoun yo k ap suiv kou a.

L ap pi fasil pou timoun piti yo si ou pale de klas yo, lekòl yo oswa katye yo. Plis yo gran se plis li fasil pou yo reflechi sou tèm ki pi abstrè epi ki konplèks. Konsa, li pi fasil pou wè monn lan lè w itilize tèm kominote a ak timoun ki pi gran yo.

Li enpòtan pou rete sou menm tip kominote a lè w ap fè referans ak kominote a pandan tout kou a.

Oubyen tou, ou ka mande elèv yo depi nan kòmansman leson an pou di w sa yo konprann lè yo tande tèm kominote a ak ki tip kominote yo ta renmen pale sou li.



Aprantisaj



Remak : Si li posib pou w gade ak timoun yo [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Yon nouvo kòmansman (Un nouveau départ) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, suiv etap ki anba yo. Si sa pa posib, sote etap 5 lan.ape 5.

1. Mande timoun yo pou yo fòme plizyè ti gwoup. Bay chak gwoup yon tablo ki gen fèy mobil, kreyon koulè ak materyèl pou fè kolaj.
2. Envite timoun yo pou yo fèmen je yo epi imajine senaryo sa a:


« Nou nan lavni, an 2040. Tout moun ap travay ansanm pou amelyore kominote a. N ap viv nan monn ki pi dirab, ki gen plis jistis ak ki gen plis lapè nou ka imajine. Jis jan ou ta renmen li ye a. »
3. Mande timoun yo ouvri je yo epi itilize materyèl yo te resevwa a pou ekri yon tèks oswa desine kominote a/monn ideyal la selon konpreyansyon yo. Si ou gen ase tan, ankouraje yo pou yo fè yon kolaj. Pou ede ide yo pran fòm, envite timoun yo pou yo reflechi sou kesyon sa yo:

« Ak kisa anviwònman an sanble nan monn ideyal sa a? Ak kisa lari yo ak pak yo sanble? Ak kisa lè a ak dlo a sanble ? »

« Ak kisa moun yo sanble ? Kijan yo konpòte yo? Kijan yo trete youn lòt? Kijan moun yo kominike antre yo? »


« Kisa timoun yo ap fè? Kisa granmoun yo ap fè? »

« Kisa ou santi lè ou panse w ap viv nan monn sa a? Kijan lòt moun yo santi yo? »
4. Mande chak gwoup yo pou yo pataje travay yo ak rès klas la epi pou yo diskite sou repons kesyon yo poze pi wo a. Si sa nesesè, itilize enfòmasyon ki nan ribrik **Oryantasyon** an sou valè ak konpetans inisyativ GRACE la pou lanse oswa apwofondi diskisyon an.
5. Envite timoun yo gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Yon nouvo kòmansman (Un nouveau départ) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la. Aprè ou fin gade videyo a oswa aprè ou fin li band desine a, poze kesyon sa yo pou lanse diskisyon an:



Ribrik Oryantasyon sou valè ak konpetans inisyativ GRACE pou konstrui yon monn ki aksepte tout moun, ki gen jistis ak lapè

Gras ak aktivite sa yo, nou ankouraje travay ONUDC pou kreye sosyete ki aksepte tout moun, ki gen jistis ak lapè pandan n ap mete aksan sou enpòtans valè ak konpetans sa yo: akseptasyon, ekite, respè, entegrite, konprann moun, lespri kritik, travay an ekip, ak rezolisyon konfli. Ou ka envite timoun yo pou yo diskite sou sans chak valè ak chak konpetans, epi idantifye poukisa sa yo kontribye nan kreye yon monn ki gen plis jistis, lapè epi ki aksepte tout moun.



Aprantisaj



- « Kisa ou panse istwa a ap eseye aprann nou? »
- « Poukisa Intella, Scooter, Signal ak Sentimo deside kite planèt Zorb? »
- « Poukisa resous natirèl sou Zorb yo prèske disparèt? »
- « Poukisa Intella, Scooter, Signal ak Sentimo deside atèri sou planèt nou an? »
- « Ki bèl bagay yo dekouvri sou planèt nou an? »
- « Ki move eksperyans yo te viv ? »

Refleksyon



1. Poze kesyon sa yo epi ekri repons timoun yo sou tablo ki gen fèy mobil yo:
 - « Kisa ou ka fè pou fè kominote nou an aksepte tout moun, pou l gen plis jistis ak lapè? »
 - « Ki tip valè chak nan nou ta dwe adopte pou konstrui yon monn ki aksepte tout moun, ki gen plis jistis ak lapè? »
 - « Kisa ou ka fè poukont ou ? Kisa ou ka fè an gwoup ? »
2. Si ou panse sa nesesè, eksplike timoun yo, chak moun ka kontribye pou fè rèv nou nan yon kominote ideyal tounen reyalyte, epi chak ti aksyon ka gen yon enpak pozitif. Se yo menm ki pou kreye avni an, yo ka vin vizyonè pou demen!

Ou ka itilize ribrik **Oryantasyon** sou valè ak konpetans inisyativ GRACE pou konstrui yon monn ki aksepte tout moun, ki gen jistis ak lapè epi pou mete aksan sou enpòtan travay an ekip, fè zanmi, gen atansyon ak respè pou youn ak lòt ak pou anviwònman an, pou vizyon nou genyen de yon monn ideyal ka tounen yon reyalyte.

3. Envite timoun yo pou yo chwazi valè yo panse ki pi enpòtan an. Sa yo pral tounen valè pa yo. Ankouraje timoun yo pou yo angaje yo pou yo viv selon valè sa yo pandan ane lekòl la, epi eksplike yo aksyon yo ap kontribye pou fè monn ideyal yo a tounen yon reyalyte.
- 3a.** Avèk timoun ki pi piti yo, ou ka petèt vle ede yo konprann sa valè yo vle di. Distribue yon lo kat valè pou chak timoun epi montre tablo papye "Valè m yo" (gade Tablo 1 ki anba a).

Tablo 1. Valè m yo

Bay laverite enpòtan pou mwen anpil
Mwen pa konn twonpe moun ni mwen pa konn vòlè
Mwen pa itilize gwo mo menm lè mwen fache.
Mwen fè atansyon pou m pa andomaje espas yo oswa objè yo
Mwen fè atansyon pou m pa blese lòt moun
Mwen evite itilize vyolans
Mwen trete lòt moun yo menm jan mwen ta renmen yo trete mwen
Mwen santi m mal lè lòt moun tris, blese oswa mal trete
Mwen kontan pou reyisit lòt moun
Mwen fè sa ki bon, menm lè pa gen moun k ap gade
Mwen pa jije moun anvan mwen konnen yo
Mwen trete tout moun menm jan
Mwen rekonèt lè mwen fè yon bagay ki mal epi mwen prè pou m aksepte kritik yo

Refleksyon



3b. Eksplike yo w ap li fraz yo youn aprè lòt epi aprè chak fraz yo, yo dwe reflechi sou valè afimasyon an reprezante. Aprèsa, w ap envite 3 oswa 4 volontè pou kole kat valè a bò fraz ki koresponn nan sou tablo papyè a.

3c. Li fraz ki anba yo youn aprè lòt, pandan w ap kite ase tan pou timoun yo reflechi. Aprè chak fraz, envite 3 oswa 4 volontè pou yo ekri repons yo sou tablo papyè a. Ou pa bezwen angaje yon diskisyon sou repons yo nan etap sa a, men asire w chak timoun konprann sans fraz yo. Esplike yo si sa nesèsè.

3d. Men yon egzanp sou valè ki asosye ak chak deklarasyon yo (gade tablo 2 ki anba a). Note nan kèk ka, deklarasyon an ka reflete plis pase yon grenn valè. Pa enkyete w si repons timoun yo pa koresponn egzakteman ak tablo ki anba a, men asire w tout timoun yo konprann sans chak mo yo menmjan.

Tablo 2. Valè m yo

Bay laverite a enpòtan pou mwen anpil
(entegrite). Mwen pa konn twonpe moun ni mwen pa konn vòlè (entegrite)
Mwen pa itilize gwo mo menm lè mwen fache (respè).
Mwen fè atansyon pou m pa andomaje espas yo oswa objè yo (respè)
Mwen fè atansyon pou m pa blese lòt moun (respè).
Mwen evite itilize vyolans (respè)
Mwen trete lòt moun menm jan mwen ta renmen yo trete mwen (ekite).
Mwen respekte règ yo (ekite)
Mwen santi m mal lè lòt moun tris, lè yo blese oswa lè y ap maltrete yo (anpati).
Mwen kontan pou reyisit lòt moun (anpati).
Mwen fè sa ki bon, menm lè pa gen moun k ap gade (entegrite).
Mwen pa jije moun anvan mwen konnen yo (akseptasyon).
Mwen trete tout moun menm jan (akseptasyon).
Mwen rekonèt lè mwen fè yon bagay ki mal epi mwen prè pou m aksepte kritik (responsablite).

3e. Kounye a timoun yo gen yon konpreyansyon klè sou diferan valè ak aksyon ki reflete valè sa yo, envite yo pou yo chak chwazi valè ki pi enpòtan pou yo, epi mande yo angaje yo pou respekte valè sa a pou rès ane lekòl la. Si yo vle, yo ka pran kat valè ki endike valè yo chwazi a epi kole li sou kaye yo oswa pike li sou sak yo pou tout moun ka wè angajman yo.

4. Envite timoun yo pou yo reflechi sou aksyon yo ka pran pou yo mete chak **valè sa yo an pratik nan klas la.**

Pa egzanp, si timoun yo deside angaje yo pou yo respekte youn lòt, mande yo pou yo fè yon lis etap yo planifye pou yo suiv (« Mwen p ap entèwonp lòt kamarad lè yo ap pale », « Mwen pral eseye sispann tout fòm asèlman mwen wè yo », elatriye.)

Eksplike timoun yo si yo pa ka fè anyen pou sispann yon aksyon vyolan oswa yon asèlman, si sa rive yo menm oswa yon lòt timoun, pi bon bagay yo ka fè se rapòte ensidan an bay yon granmoun yo fè konfyans.

Refleksyon

**Aktivite Siplemantè : pwojè klas nou an pou yon monn ideyal.**

Plan leson an se yon bèl opòtinite pou kreye yon pwojè klas alontèm, ki pou fè timoun yo travay ansanm pou fè monn ideyal yo a tounen yon reyalye.

Pwojè klas nou an pou yon monn ideyal.

Mande timoun yo pou yo fòme gwoup. Bay chak gwoup yo papye, kreyon koulè, ak materyèl pou fè kolaj. Mande chak gwoup yo pou yo devlope yon pwojè pou reyalize vizyon yo sou yon mond/oswa yon kominote ideyal. Eksplike yo, pwojè yo a ka gen ladan youn oswa plizyè nan aksyon sa yo:

- Antre an kontak ak yon òganizasyon non-gouvènmantral oswa yon enstitisyon lokal pou aprann plis sou aktivite yo.
- Fè benevola nan yon òganizasyon non-gouvènmantral oswa nan yon enstitisyon lokal pou aprann plis sou aktivite yo.
- Pledwaye : pale ak lòt moun sou pwoblèm y ap chèche rezoud nan kominote yo a.
- Kolekte resous pou ede lòt moun.
- Chanje konpòtman yo epi ankouraje lòt moun fè menm bagay la.

Depi chak gwoup fin dekri pwojè yo, mande timoun yo pou yo itilize materyèl yo bay la pou yo fè afich sou pwojè yo.

Après, kite timoun yo vote pou pwojè yo pi renmen an : ekri tit chak pwojè nan diferan kwen sal klas la, epi envite timoun yo pou yo kanpe devan pwojè yo renmen an. Eksplike yo yo pa dwe vote pou pwojè pa yo a. Y ap pran pwojè k ap gen plis vòt yo pou pwojè tout klas la pou konstrui yon mond/oswa kominote ki pi dirab, ki gen jistis, ki aksepte tout moun epi ki gen lapè. Nou ka adopte menm pwojè a pou tout ane lekòl la oswa nou ka prezante nouvo pwojè chak mwa.

Après nou fin chwazi yon pwojè, ede timoun yo idantifye yon plan pou mete li an pratik, sa ki gen ladan li tan ak resous ki nesesè yo, ansanm ak fason pou divize travay yo. Timoun ki pi piti yo ap bezwen plis èd ou pandan tout pwosesis sa a. Timoun ki pi gran yo ta dwe kapab pran inisyativ poukont yo.

Konsakre tan chak semèn oswa chak mwa pou mete pwojè a an pratik epi suiv pwogrè li.

Refleksyon

**Ribrik Oryantasyon: Enpak tranch laj timoun yo sou valè ak pwojè klas yo pou yon monn ideyal**

Ou dwe kenbe nan tèt ou plan leson sa a ka gen rezilta diferan selon laj, enterè ak faz devlopman timoun yo.

Timoun ki pi piti yo gen plis chans pou yo enterese nan kesyon ki gen rapò ak lavi chak jou yo epi santi yo pi alèz ak tèm sa yo. Yo ka imajine epi yo ka kreye yon kominote ideyal ki fè referans ak aspè nan lavi lekòl yo chak jou oswa nan anviwònman imedyata yo. Se pou sa, valè klas yo ak pwojè yo pou yon monn ideyal ka senp anpil. Sa ka gen ladan l kenbe sal klas yo pwòp oswa sere men kamarad klas yo (oswa salye yo) chak maten.

Anplis, timoun ki pi gran yo ta dwe kapab reflechi sou konsèp ki pi abstrè yo epi panse ak aksyon ki gen pi gwo enpak yo. Pa egzanp, valè klas yo ta ka fèt pou pran mezi pou sispann entimidasyon ak vyolans nan lekòl la. Pwojè yo ta ka gen rapò ak pwoblèm sou plan nasyonal oswa entènasyonal tankou konbat travay timoun yo oswa konbat koripsyon.



Aktivite an Fanmi : elaji valè klas la nan kay yo

Envite elèv yo pou yo chwazi youn nan valè yo te eksplòre nan klas la epi mande yo pou yo diskite sou kesyon sa yo avèk fanmi yo :

- Èske ou panse nou ka adopte valè sa a nan kay la? Poukisa ?
- Kisa nou dwe fè nan kay la, poukont nou epi antanke fanmi pou viv selon valè sa a?

Si sa posib, mande timoun yo pou yo kole yon afich nan kay la pou reprezante de oswa twa fason pou viv selon valè yo chwazi yo. Mande timoun yo pou yo pote afich yo a nan klas la pou pataje kontni yo a ak kamarad yo.





RETE AN SEKIRITE SOU ENTÈNÈT

Plan leson sou :

Itilizasyon entènèt yon fason ki responsab.

Konsèy pou w adapte leson yo nan diferan kontèks ak nan diferan reyalite :



- Lèson ki apwopriye pou timoun ki gen aksè ak entènèt la, lè yo nan lekòl la oswa deyò lekòl la.
- Panse pou w modifiye eleman ki nan plan leson an ki pa apwopriye ak anviwònman w lan.

Objektif Aprantisaj la :



Nan fen leson sa a, timoun yo ta dwe kapab :

- Rekonèt sitiyaasyon ak konpòtman ki ka reprezante yon danje oswa ki riske sou Entènèt ;
- Idantifye règ pou evite sitiyaasyon ak konpòtman ki reprezante yon danje oswa ki riske sou entènèt ;
- Idantifye estrateji pou itilize nan sitiyaasyon ak konpòtman sou entènèt ki ka ki reprezante yon danje oswa ki riske.

Kòman pou w itilize plan leson sa :



Plan leson sa divize an twa pati : **Entwodiksyon**, **Aprantisaj** ak **Refleksyon**. Li gen ladan l tou ribrik **Oryantasyon** pou ede w apwofondi konesans ou sou sijè espesifik yo. Anplis, ou pral jwenn bwat ki pwopoze aktivite an **Fanmi** ak aktivite **Siplemantè** ki pa obligatwa pou eksplòre plis bagay sou sijè leson an.

Apèsi nan leson an :



Lèson an kòmanse ede timoun yo konprann resanblans ak diferans ki genyen ant monn reyèl la ak monn vityèl la. Timoun yo dwe idantifye eleman pozitif nan monn vityèl la epi reflechi sou sitiyaasyon oswa konpòtman yo ka jwenn ki reprezante yon danje.

Après, timoun yo dwe panse ak teknik pou adopte lè yo rankontre yon sitiyaasyon ki ka reprezante yon danje, lè yo pa santi yo an sekirite sou entènèt, oswa lè yo fè fas ak yon bagay sou entènèt yo pa konprann oswa sou bagay yo gen kesyon sou li. Yo dwe aprann itilize panse kritik yo pou pwopoze règ sekirite debaz pou yo suiv lè yo sou entènèt la. Aktivite a ede yo rekonèt enpòtans pou itilize entènèt la nan respè ak etik epi poukisa nou dwe konpòte nou avèk respè menm lè pa gen moun k ap gade oswa lè gen kèk moun ki pa respèkte nou.

Tanpri sonje aktivite sa a pa fèt pou detekte si timoun yo te gen eksperyans negatif sou entènèt. Se yon sijè nou dwe trete ak pridans. Timoun yo ka santi yo wont oswa yo ka jennen paròp ak yon bagay yo te wè, tande, fè, oswa resevwa sou entènèt. Evite mande yo pataje eksperyans negatif yo te fè sou entènèt. Men, kèlkeswa eksperyans pwoblematik ki ka rive, fè atansyon pou pa fè yo santi yo wont oswa jennen.

Pwoblematik :

Kijan nou ka itilize entènèt la nan yon fason ki an sekirite epi ki responsab pandan n ap amize nou ?

laj:

6 à 9 lane

Valè yo :



Konpetans :



Dire:




Preparasyon ak sipò Kou a :

- Desine yon figi kontan ak yon lòt tris sou de fèy papye. Mete yo chak nan kwen sal la.
- Desine yon liy atè a epi fè espas pou timoun yo ka deplase byen fasil nan klas la.
- Tablo fèy mobil (ki rele tou tablo papye oswa paperboard yon fo anglis, non ki kòrèk la an anglè se flipchart) oswa tablo nwa.
- Makè.
- Si sa posib, gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Ti ekran, gwo pwoblèm (Petit écran, gros problèmes) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, toude disponib sou sit entènèt inisyativ [GRACE](#).
- Anplis, dekouvri [band desine](#) pou kolorye ak [liv pou timoun](#) yo toude disponib sou sit entènèt inisyativ [GRACE](#).

Entwodiksyon



1. Eksplike timoun yo w ap pale de Entènèt epi fason pou itilize li an tout sekirite.
2. Montre timoun yo figi ki kontan ak figi ki tris nan de kwen sal la, après, eksplike yo w ap gen pou li kèk fraz.
Yo dwe ale bò figi k ap souri a si yo panse yon sitiyasyon ap fè yo kontan, oswa bò figi ki tris la si li fè yo pè, tris, oswa si yo santi yo mal alèz. Yo ka rete nan mitan sal la si yo gen dout sou sa yo santi a.
3. Li fraz sa yo byen fò :
 - M ap bwè krèm.
 - M ap fè yon jwèt mwen renmen.
 - Mwen pa wè valiz mwen.
 - Mwen fè yon kap, mwen pral eseye l ak zanmi m yo jodi a.
 - Yon etranje sou plas la mande mwen pou m mennen li kote yo vann bonbon yo.
4. Aprè chak fraz, bay timoun yo tan pou yo chwazi yon kwen nan sal la. Mande timoun ki nan chak kwen yo pou yo reponn kesyon sa a epi diskite sou li nan gwoup yo a :
« Kijan ou santi ou nan sitiyasyon sa a? Epi poukisa ? »
5. Envite yon timoun nan chak gwoup yo pou yo pataje kèk nan repons yo avèk klas la.
6. Pa bliye sa yo ki te chwazi rete nan mitan klas la lè w ap poze kesyon sa a :
« Poukisa ou te chwazi rete nan mitan klas la? Kijan ou panse ou ta ka santi ou nan senaryo sa a? »
7. Eksplike timoun yo gen anpil sitiyasyon ki fè nou kontan men nou dwe konsyan tou gen kèk sitiyasyon ki ka fè nou mal alèz oswa ki ka menm mete nou an danje.
8. Envite timoun yo pou yo reflechi sou sa ki anba a :
« Ki sitiyasyon ki ta ka mete nou an danje? »
« Kijan konpòtman mwen yo ta ka mete lòt moun an danje? »
« Kisa nou dwe fè lè yon bagay fè nou mal alèz, mete nou an danje oswa fè nou pè? »
« Kisa nou dwe fè si nou fè lòt moun santi yo mal alèz, an danje oswa pè? »
9. Reflechi ansanm sou enpòtans pou pale ak yon granmoun ou fè konfyans lè yon bagay deranje nou, mete nou an danje oswa fè nou pè. Diskite ansanm tou sou fason konpòtman nou yo, kit yo entansyonèl oswa envolontè ka mete lòt moun an danje epi eksplike poukisa li enpòtan pou rekonèt sa a ak kijan pou abòde pwoblèm lan. Se yon bon moman pou diskite avèk timoun yo sou règ ak konpòtman ki ka asire sekirite kamarad yo ni sou entènèt ni nan lavi reyèl: chak moun responsab pou kontrui yon monn ki jis, ki an sekirite, epi ki gen respè.



Ribrik Oryantasyon : sekirite lè w pa anliy ak lè w anliy

Aktivite **Entwodiksyon** an se yon bon okazyon pou nou byen diskite sou sekirite timoun lan. Li enpòtan pou eksplike timoun yo youn nan estrateji prensipal yo lè yo pa santi yo an sekirite oswa lè yo mal alèz, kit sou entènèt oswa lòt kote, se pou yo pale ak yon granmoun yo fè konfyans.

Li rekòmande pou ou pataje ak timoun yo apwòch « Non-ale-pale » (« NO-GO-TELL » an anglè). Si yon bagay oswa yon moun mete yo mal alèz oswa fè yo santi yo an danje, timoun yo dwe :

- Di NON lè yon moun mete yo mal alèz oswa an danje.
- Après, ALE : kite oswa fwi moun sa a oswa sitiyasyon sa a.
- Après, PALE : pale ak yon granmoun ou fè konfyans sou sitiyasyon sa a.

Aprantisaj



Remak : Si li posib pou w gade ak timoun yo [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Ti ekran, gwo pwoblèm (Petit écran, gros problèmes) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, suiv etap ki anba yo. Si sa pa posib, sote etap 3 a.

1. Eksplike, menm jan ak nan monn reyèl la, monn vityèl la gen anpil bagay ki itil epi ki amizan pou l ofri. Envite timoun yo pou yo fòme plizyè ti gwoup, pou yo diskite ansanm pandan 2 ak 3 minit sou kesyon sa yo, epi pataje lide yo avèk rès klas la:
«Ki sa ou jwenn ki amizan sou entènèt? Kisa ou renmen fè sou entènèt?»
2. Fè yo konprann, menm jan ak nan monn reyèl la, nou ka fè fas ak sitiyasyon sou entènèt ki ka reprezante yon danje oswa nou ka pa konprann. Sonje : pa mande timoun yo pou yo pataje eksperyans negatif yo te fè. Yo ka santi yo wont oswa jennen.
3. Montre timoun [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Ti ekran, gwo pwoblèm (Petit écran, gros problèmes) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la. Apre ou fin gade videyo a oswa aprè ou fin li band desine a, itilize kesyon sa yo pou lanse yon diskisyon:
« Daprè ou, ki sa istwa sa a ap anseye nou? »
« Poukisa Intella te santi li mal alèz oswa an danje sou entènèt la? »
« Ki sitiyasyon sou entènèt ki ta ka fè ou santi ou tankou Intella? »
« Kisa ou panse ou dwe fè lè ou pa santi ou an sekirite oswa mal alèz pandan w ap navige sou entènèt la? »
4. Mande timoun yo pou yo fòme plizyè ti gwoup. Trase yon liy atè a epi montre timoun yo li. Bay chak timoun yo senaryo sa yo (ou ka afiche senaryo yo sou yon tablo papye oswa yon tablo nwa) :
 - Maria ap gade videyo sou yon platfòm anliy ki rele Monn Timoun yo (Le Monde des Enfants). Se chante ak dans pou timoun yo.
 - Antonio ak Carlos santi yo annwiye. Y ap jwe sou telefòn manman Antonio a epi yo kòmanse navige sou entènèt. Y al tonbe sou yon videyo kote kèk granmoun ap goumen nan yon lang yo pa konprann.
 - Jamila ap chèche yon nouvo jwèt pou l amize l sou entènèt. Li suiv yon seri lyen epi l ap li kòmantè yo nan yon fowòm granmoun sou entènèt la. Moun yo ap itilize gwo mo !
 - Sarah ap jwe yon jwèt sou entènèt la epi yon moun li pa konnen kòmanse voye mesaj agresif ba li nan mesaj jwèt la.
 - Luis ap jwe jwèt li renmen anpil sou entènèt la epi li envite zanmi l Bienaimée pou l vini jwe avèk li. Toude ap chèche yon trezò kache kounye a.
5. Envite chak gwoup pou yo pran kèk minit pou yo li fraz yo epi deside ansanm si, daprè yo, senaryo yo :
 - a. **An sekirite :** jiskaprezan, se yon sitiyasyon ki an sekirite epi pa gen anyen ki reprezante yon danje oswa ki ka nui moun.
 - b. **Riske:** kèk nan moun ki enplike yo ka an danje, yo ka pa santi yo an sekirite, yo ka mal alèz oswa yo ka pa konprann sa k ap pase a.
6. Eksplike timoun yo w ap li chak fraz byen fò epi yo dwe rete dèyè li lan si yo panse senaryo a an sekirite, oswa franchi li lan si yo panse li riske.
7. Aprè chak fraz, poze chak gwoup kesyon sa yo:

« Poukisa ou panse sa a se yon sitiyasyon ki an sekirite/riske? Ki moun ki pa panse menm jan?»



Aprantisaj



8. Aprèsa, diskite sou sa ki anba a avèk tout klas la:
« Kisa nou ta dwe fè si nou pè franchi "liy sekirite" a epi nou nan yon sitiyasyon ki mete nou mal alèz oswa ki riske? Ki règ kle ki ta ka ede nou rete an sekirite sou Entènèt? »
9. Mennen diskisyon an pandan w ap suiv enstriksyon ki nan ribrik Oryantasyon sou règ debaz sekirite sou Entènèt. Pa ezite modifiye kontni an pou l pi adapte ak anviwònman w lan, kontèks la, ak bezwen devlopman elèv ou yo.
10. Kite timoun yo travay ansanm pou yo etabli pwòp règ yo epi pran kèk nòt sou yon tablo papye oswa yon tablo nwa.
11. Asire ou mete aksan sou règ ou jwenn ki pi enpòtan yo. Sijere epi eksplike lòt règ ou panse ki esansyèl timoun yo ka bliye di.

Ribrik Oryantasyon: règ debaz pou sekirite sou Entènèt

Règ sekirite sou Entènèt varye selon laj timoun lan, ekspozisyon ak aksè li ak zouti anliy yo. Pa egzanp, timoun ki pi piti yo ka konprann kontni medya yo yon fason literal, pou sa, yo ka bezwen plis èd pou konprann sa y ap gade a.

Men kèk sijasyon règ timoun yo ta dwe suiv lè y ap itilize Entènèt. Ou ka gade nan lis sa a si ou panse timoun yo bezwen ranfòse nòt yo oswa si yo bliye yon règ enpòtan.

Mèsi paske w note sa yo se sijasyon sèlman : ou se ekspè klas ou a. Santi w lib pou w adapte règ sa yo selon sa ou panse ki apwopriye pou anviwònman w lan.

1. Mwen ap diskite ak paran mwen sou règ itilizasyon Entènèt.
2. M ap toujou fè atansyon anvan m klike sou yon kontni anliy. Mwen pa ta dwe klike sou yon kontni ki fè m mal alèz oswa ki sanble sispèk. Pa egzanp, pa klike sou yon videyo si videyo anvan an sanble estresan, oswa si ou pa konprann li.
3. Mwen ap sispann gade nenpòt emisyon ki mete m mal alèz. Depi mwen reyalize li mete m mal alèz oswa an danje, oswa si mwen pa konprann sa k ap pase a, m ap fèmen li.
4. Mwen pa pral pataje enfòmasyon pèsonèl tankou non mwen, adrès mwen, oswa nimewo telefòn mwen, san pèmasyon paran mwen.
5. Mwen pa pral zanmi ak moun mwen pa konnen.

Règ ki pi enpòtan an se sa a :

Mwen ap pale tousuit ak paran mwen oswa ak yon granmoun mwen fè konfyans lè mwen fè fas ak yon bagay sou entènèt la ki mete m mal alèz, an danje, oswa mwen pa konprann.



Refleksyon



1. Antanke yon klas, kreye yon règleman pou sekirite sou Entènèt. Envite timoun yo pou yo fòme plizyè ti gwoup. Nan gwoup sa yo, mande yo pou yo pwopoze de règ yo ta dwe toujou suiv pou yo rete an sekirite sou Entènèt.
2. Mande chak gwoup pou pataje règ yo a ak tout klas la. Après, ekri tout règ sa yo sou yon afich epi afiche li sou mi an tankou yon rapèl. Ale sou afich sa yo chak fwa w ap fè aktivite ki enplike itilizasyon Entènèt.
3. Si sa nesèsè, ale nan nòt aktivite **Aprantisaj** la. Asire ou entegre règ ou konsidere ki esansyèl yo ansanm ak kèk lòt règ timoun yo ta ka bliye mete nan afich règleman konsènan sekirite sou Entènèt.

Aktivite an Fanmi

Si timoun yo toujou ap itilize Entènèt nan kay la, se ap yon bon lide pou ankouraje yo pataje règ yo ak paran yo.

Envite timoun yo pou yo fè kopi afich règ sou sekirite sou entènèt la epi pou yo pote yo lakay yo. Ankouraje yo pou yo reflechi sou lòt règ yo ta ka etabli avèk fanmi yo. Pa egzanp, paran yo ka asire yo yo enstale yon filtè apwopriye pou kontni sou Entènèt la. Yo ka bloke tou, tout kontni ki ta ka mete timoun yo mal alèz.

Envite timoun yo pou yo pataje nouvo règ leson k ap genyen an.

Sonje gen plizyè fason pou abòde epi asire sekirite sou Entènèt. Paran yo ka etabli règ ki diferan de sa ou te sijere yo.



Refleksyon



Aktivite Siplemanntè

Li enpòtan pou ou pale ak yon granmoun ou fè konfyans lè ou santi ou mal alèz men li pa toujou fasil pou pale sou yon bagay ki deranje ou oswa ki fè ou wont. Ou ta ka pè pou yo jije ou pou sa ou te fè oswa ou ka santi ou mal alèz ak sa ou te wè.


Si yon zanmi ou te di ou yon bagay ki te fè ou mal alèz sou entènèt la olye pou li ale wè yon granmoun, kisa ou t ap fè?


Envite volontè yo pou yo jwe wòl nan senaryo sa yo epi reflechi sou sa yo t ap di zanmi yo si yon bagay yo te wè te deranje yo men yo pa t vle pale sa ak yon granmoun :

- Jenny pa vle pale ak yon granmoun paske li santi l wont pale sa li te wè a.
- Marco pa vle di yon granmoun sa l te wè a paske li panse y ap blame l pou sa li te wè a.
- Ahmet pa vle pale ak yon granmoun paske se Rania ki te ba l lyen an epi li pa vle li gen pwoblèm si li pale de sa ak yon lòt moun.
- Zahid pa vle pale ak yon granmoun paske li pè pou yo pa di l tripotay lè li fè sa.

Après prezantasyon chak senaryo yo, diskite avèk timoun yo sou enpòtans pou yo :

- **Tande zanmi ki bezwen èd yo.** Tande san jije, san fè blag, epi rasire zanmi w yo se pi bon fason pou montre yo yo enpòtan pou ou.
- **Mande yo si w kapab ede yo.** Lè yon zanmi vin wè ou, se pou ou disponib epi eseye bay kèk sijesyon. Pwopoze yo pou yo pale ak yon granmoun yo fè konfyans epi rasire yo pandan w ap di yo pa gen moun k ap fache.
- **Pou w pasyan epi pou w pa fouye moun lan twòp.** Kite zanmi ou an pale, pa poze l anpil kesyon.
- **Al wè yon granmoun ou fè konfyans si sa nesesè.** Si ou gen enkyetid pou zanmi ou an epi pwoblèm nan sanble twò enpòtan pou w jere sa poukont ou, pale ak yon granmoun ou fè konfyans, menm si ou te pwomèt w ap kenbe sekre a..





RESPEKTE MOUN SOU ENTÈNÈT LA

Plan leson sou :

Sekirite sou Entènèt ak konpòtman etik yo anliy".

Konsèy pou w adapte leson yo nan diferan kontèks ak nan diferan reyalite :



- Leson ki apwopriye pou timoun ki gen aksè ak entènèt nan lekòl la ak lè l pa nan lekòl la, ansanm ak sa yo ki te kòmanse itilize li oswa ki deja ap itilize li pou yo kominike.
- Panse pou w modifiye eleman ki nan plan leson an ki pa adapte ak anviwònman w lan.

Objektif Aprantisaj la :



Nan fen leson sa a, timoun yo ta dwe kapab :

- Rekonèt resanblans ak diferans ki genyen ant kominikasyon ki anliy ak kominikasyon ki pa anliy.
- Bay egzanp kominikasyon ki fèt nan respè ak sa ki pa fèt nan respè sou entènèt la.
- Idantifye estrateji ki adapte ak laj pou yon konpòtman etik ak respè ki fèt anliy oswa ki pa fèt anliy ;
- Rekonèt kijan konpòtman etik yo ak respè lè w anliy ak lè w pa anliy ka ede nan konstrui sosyete ki gen jistis ak lapè.

Kòman pou w itilize plan leson sa :



Plan leson sa divize an twa pati : **Entwodiksyon**, **Aprantisaj** ak **Refleksyon**.

Li gen ladan l tou ribrik **Oryantasyon** pou ede w apwofondi konesans ou sou sijè espesifik yo. Anplis, ou pral jwenn bwat ki pwopoze aktivite an **Fanmi** ak aktivite **Siplemantè** ki pa obligatwa pou eksplòre plis bagay sou sijè leson an.

Apèsi nan leson an :



Li ka difisil pou timoun yo reyalize defi espesifik ki genyen nan kominikasyon sou entènèt la. Absans langaj kòporèl la ak ton vwa a souvan fè li pi difisil pou konprann sa moun yo ap eseye kominike a.

Objektif aktivite sa yo se pou pèmèt timoun yo konprann enpòtans pou yo respekte epi pou yo renmen tèt yo ak lòt moun. An patikilye, n ap wè kijan li fasil pou gen difikilte nan kominikasyon sou entènèt la epi kijan pou garanti yon kominikasyon nan respè nan monn vityèl la.

Elèv yo ap idantifye estrateji pou yo konpòte yo yon fason ki etik sou entènèt la, pou montre respè anvè zanmi yo ak fanmi yo epi reflechi sou estrateji apwopriye yo ka adopte pou laj yo si yo ekspoze ak move konpòtman, konpòtman ki mekan oswa ki pa apwopriye sou entènèt la.

Pwoblematik :

Kijan mwen ka kominike ak respè sou entènèt la?

Laj :

9 a 12 lane

Valè yo :



Konpetans :




Dire :



Preparasyon ak sipò Kou a :

- Prepare de afich ki gen tit « Règ pou respè nan klas » ak « Règ pou respè sou entènèt ».
- Tablo fèy mobil (ki rele tou tablo papyè oswa paperboard yon fo anglis, non ki kòrèk la an anglè se flipchart) oswa tablo nwa.
- Makè.
- Si sa posib, gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele «Dekonekte epi kalme w (Se déconnecter et se calmer) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, , toude disponib sou sit entènèt inisiyativ [GRACE](#). Anplis, dekouvri [band desine pou kolorye](#) ak [liv pou timoun yo](#) toude disponib sou sit entènèt inisiyativ GRACE la.



Entwodiksyon



1. Mande kat elèv pou yo chwazi tèt yo. Ba yo senaryo sa a epi eksplike yo, yo pa dwe revele li bay rès klas la :

Pablo gen yon gwoup elèv k ap asele li.


2. Envite yo pran 1-2 minit pou yo prepare yo pou yo jwe sèn lan an gwoup, pandan y ap itilize yon imaj ki fije. Chak moun dwe jwe youn nan pèsonaj yo nan sèn lan, epi tout gwoup la dwe fòme yon imaj fije, tankou yon estati, sou sa ki ap pase nan senaryo a.

Sèl règ yo se sa ki annapre yo:

- Pèsòn pa dwe pale, fè bri, oswa bouje;
- Pèsòn pa dwe itilize objè oswa akseswa pou sèn lan.
- Yo dwe mete sèn lan an plas pi vit sa posib, san twòp preparasyon.



Si sa posib, asire w rès klas la pa wè lè volontè yo ap prepare yo (pa egzanp, mande yo pou yo prepare yo dèyè tablo a oswa dèyè tablo nwa a).



Ribrik Oryantasyon : imaj ki fije ak imaj teyat yo.

Yon imaj ki fije se yon zouti nan imaj teyat yo.

Yo ka itilize l pou eksplòre sitiyasyon difisil timoun yo.

Timoun yo prezante yon senaryo sou fòm estati. Yo itilize yo pou refleksyon sou sijè y ap abòde nan gwoup la. Yo ka itilize yo tou kòm mwayen pou fè timoun yo kòmanse patisipe epi pou yo pwopoze estrateji komen pou rezoud pwoblèm yo.

Imaj ki fije a se yon zouti ki itil paske li pèmèt ou kominike emosyon san w pa itilize mo, epi li fasilite diskisyon sou tèm timoun yo ta ka santi yo mal alèz pou yo abòde.


3. Pandan volontè yo ap prepare sèn lan, esplike n ap gen pou nou etidye kijan pou gen respè, espesyalman sou entènèt. Envite timoun yo pou yo esplike sa yo konprann lè yo di mo "respè."
4. Envite volontè yo pou yo kanpe devan klas la epi prezante imaj ki fije yo.
5. Mande rès timoun yo :
 - « Kisa ki ap pase nan senaryo sa a selon nou? »
 - « Kisa moun sa yo ap fè? »
 - « Kijan ou panse chak moun yo santi yo? »
6. Ankouraje timoun yo pou yo diskite sou enpòtans ekspresyon figi ak langaj kòporèl nan kominikasyon an. Si timoun yo gen difikilte, mande yo kijan yo te devine sa k ap pase a epi kijan yo te konprann sa moun yo te santi a.

Aprantisaj



Remak : Si li posib pou w gade ak timoun yo videyo Zorbs yo ki rele « Dekonekte epi kalme w (Se déconnecter et se calmer) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, suiv etap ki anba yo. Si sa pa posib, sote etap 2 a.

1. Envite timoun yo pou yo diskite sou sa:
«Ki diferans ki genyen ant pale yon bagay byen fò ak ekri li nan yon mesaj tèks ?»
2. Montre timoun yo videyo Zorbs yo « Dekonekte epi kalme w (Se déconnecter et se calmer) » oswa [band desine](#) ki koresponn avè l la. Aprè ou fin gade videyo a oswa aprè ou fin li band desine a, itilize kesyon sa yo pou kòmanse yon diskisyon :
« De kisa y ap pale nan istwa sa a selon ou ? Kisa l ap eseye aprann nou ? »
« Poukisa Zorbs te bay mesaj Ryan yo plizyè sans diferan ? »
« Kisa ou t ap fè si ou te Sentimo ? »
« Kisa ki t ap rive si Sentimo te voye yon vye mesaj pou l reponn Ryan ? »
3. Eksplike, menm jan nou dwe respekte youn lòt lè n ap pale ak yon moun an pèsòn, li enpòtan tou pou nou respekte moun sou entènèt la tou. Lè nou sou entènèt, nou dwe fè plis efò paske pa gen langaj kòporèl, ekspresyon figi, ak ton vwa ki kapab ede nou entèprete sa moun nan ap di nou an. Nou dwe chèche lòt endis, pa egzanp, poze kesyon sou moun ki la oswa kontèks la.
4. Envite timoun yo pou yo fòme plizyè ti gwoup (4 a 5 timoun). Presize, nan gwoup sa yo, yo dwe pran senk minit pou yo dakò sou yon egzanp konpòtman ki pa gen respè sou entènèt la. Yo dwe aprèsa prepare yo pou prezante egzanp pa yo a bay rès klas la.
5. Envite chak gwoup yo pou yo prezante egzanp yo. Aprè chak prezantasyon, envite klas la pou yo reflechi sou sa ki annapre a:
« Poukisa konpòtman sa a pa yon konpòtman ki montre respè? »
« Kisa ou panse ou t ap santi si ou te wè konpòtman sa a? »
« Kisa ou t ap fè si ou te temwen konpòtman sa a? »
« Kisa ou t ap chanje pou fè li gen respè? »
6. Aprè tout gwoup yo fin prezante egzanp yo, envite klas la reflechi sou deklarasyon sa a:
« Pa janm fè oswa di anyen sou entènèt ou pa t ap fè oswa di anfas. »
7. Envite klas la pou yo di sa yo panse sou fraz la, si li se verite oswa manti, epi poukisa. Fè yon deba ak klas la sou sa ki fè nou aji yon fason diferan sou entènèt oswa anfas, epi poukisa li enpòtan pou nou onèt, pou nou renmen, ak respekte lòt moun kit nou sou entènèt oswa anfas. Mande timoun yo
« Kisa respè vle di ? »
Ou ka ede timoun yo lè w ba yo yon egzanp sou respè : pa egzanp, itilize mo janti pou lòt moun, menm si ou santi ou deranje, se yon siy respè. Respè vle di fè atansyon ak santiman, ak swè, ak dwa lòt moun. Mande :
« Kisa ki rive lè nou pa respekte lòt moun? Kòman yo santi yo ? Kòman nou santi nou ? »
« Kijan respè kapab kontribye nan kreye relasyon ki gen lapè ak lòt moun? »
8. Si sa nesèsè, diskite antanke yon klas sou rezon ki fè moun yo gen plis chans pou yo pa respekte moun ak pa janti sou entènèt la. Mande timoun yo :
« Poukisa moun yo pafwa pi pa respekte moun sou entènèt la ? »
Si sa nesèsè, eksplike moun yo santi yo envizib sou entènèt la. Akòz santiman sa a epi paske yo pa ka wè moun y ap kominike avèk yo a, yo santi yo pa twò bezwen konprann moun epi yo panse aksyon yo p ap gen okenn konsekans. Eksplike, malgre santiman sa yo, moun ki nan lòt bò ekran an blese ak konpòtman ki pa gen respè sou entènèt la tankou yo ta fè l li an pèsòn. Soulinye enpòtans pou respekte moun sou entènèt la. Eksplike, respekte moun se yon valè fondamantal pou konstrui kominote ki aksepte tout moun, ki gen jistis, epi ki gen lapè.
9. Konkli pandan w ap repete enpòtans pou timoun yo toujou ale kote yon granmoun yo fè konfyans lè y ap fè fas ak yon sitiyasyon ki mete yo mal alèz, ki fè yo pè, oswa yo pa konprann.



Refleksyon



1. Montre timoun yo de afich : « Règ pou respè nan klas » ak « Règ pou respè sou Entènèt ». Envite timoun yo pou yo chwazi yon règ pou komunikasyon ki gen respè nan klas la ak yon lòt pou komunikasyon sou entènèt la. Envite timoun yo pou yo itilize yon langaj pozitif depi sa posib, pa egzanp « toujou janti youn ak lòt » olye « pa fè mechanste ».
2. Yon fwa lis règ yo etabli, revize yo ansanm epi afiche yo nan sal klas la. Refere w ak lis yo pandan tout ane lekòl la.

Ribrik Oryantasyon : règ pou respè nan klas la ak sou Entènèt.

Men yon egzanp règ pou respè nan klas la ak sou Entènèt ki ka ede w kòmanse yon diskisyon sou sijè a ak timoun yo. Santi w lib pou w adapte lis sa a selon bezwen ou yo epi entegre youn oswa lòt pwèn sa yo nan afich timoun yo te kreye a (si ou panse yo te neglije kèk pwèn ki enpòtan).

Règ pou respè nan klas

1. Toujou janti epi respekte lòt moun.
2. Pale ak paran ou oswa ak yon granmoun ou fè konfyans si yon moun ap fè ou mal oswa mechan avèk ou.
3. Pale youn aprè lòt.
4. Tande sa lòt yo ap di.
5. Pa entèwonp lòt moun.
6. Pale nòmalman olye ou pale fò.
7. Itilize yon langaj ki apwopriye : toujou janti epi toujou respekte lòt moun.
8. Pa fawouche moun.
9. Respekte vi prive kamarad klas ou yo.
10. Byen akeyi nouvo elèv yo.
11. Ede lòt moun yo lè yo bezwen sipò.
12. Si moun yo pa konprann sa w ap di a, pran tan pou w esplike sa w t ap di a byen kalm.
13. Si yon moun fè ou fache, anvan ou reponn, respire afon epi pran distans ou pandan kèk minit. Si sa nesesè, envite yon granmoun ede w rezoud konfli a.

Règ pou gen respè sou Entènèt

1. Toujou janti epi toujou respekte lòt moun.
2. Itilize emotikòn oswa estikèz men asire ou klè epi ou presi lè w ap eksprime panse w.
3. Pale ak yon granmoun ou fè konfyans si yon moun ap fè ou mal oswa mechan avè w sou Entènèt. Pa janm reponn mesaj ki mechan; ou ka kòmanse yon konfwontasyon sou entènèt la.
4. Fè atansyon ak lèt majiskil yo : toujou itilize lèt miniskil yo, sòf si w ap eseye eksprime eksitasyon oswa kè kontan. Sonje lè w ekri AN MAJISKIL sa vle di w ap pale fò.
5. Pale ak respè sou entènèt la, menm jan ou t ap fè sa an pèsòn.
6. Respekte vi prive lòt moun. Pa poste enfòmasyon oswa foto san konsantman yon moun epi pa gaye rimè sou moun sou entènèt la.
7. Pa voye spam. Sa pa yon blag epi sa ka andomaje òdinatè a paske imèl yo gen viris.
8. Pa pataje sekrè sou entènèt la, tankou modpas, enfòmasyon sou kont bank paran ou, detay kat kredi yo, ni lòt enfòmasyon oswa done pèsònèl yo.
9. Pa janm fè oswa di anyen sou entènèt la ou pa ta ap fè oswa di an pèsòn.

Refleksyon



Aktivite Siplemanè

Leson sa a ka bon moman pou entwodui sijè sou asèlman oswa entimidasyon sou entènèt. Si yon moun ap fè mal oswa l ap di gwo mo sou entènèt la, lè yon moun itilize gwo mo, gaye rimè, oswa menase sou entènèt la, sa rele asèlman oswa entimidasyon sou entènèt. Timoun yo vilnerab anpil devan entimidasyon sou entènèt la. Genyen konvèsasyon san tanbou se yon premye etap ki bon pou rezoud pwoblèm lan.

Envite timoun yo pou yo reflechi sou kesyon sa yo :

- « Kisa entimidasyon an ye epi kisa entimidasyon sou entènèt la ye ? »
- « Nan ki nivo ou panse li se yon menas? Nan ki nivo sa grav ? Poukisa ? »
- « Èske ou panse gen kèk moun ki pi fasil pou yo vin yon aselè pase yon lòt? Poukisa ? »
- « Èske ou panse gen kèk moun ki pi fasil pou yo asele yo pase yon lòt? Poukisa ? »
- « Kisa ou t ap fè si ou te konnen yon moun ki te viktim asèlman sou entènèt ? »


Ou dwe toujou montre enpòtans pou ale wè yon granmoun ou fè konfyans si timoun yo panse yo se viktim asèlman/entimidasyon sou entènèt oswa si yon moun yo konnen ap sibi yon sityasyon konsa.


Si ou bezwen plis sipò oswa si ou vle li plis sou asèlman ak entimidasyon, tanpri gade resous sa yo :

<https://www.stopbullying.gov/cyberbullying/what-is-it>

<https://cyberbullying.org/what-is-cyberbullying>

<https://www.nonaharcelement.education.gouv.fr/>





NOU TOUT KA YON EWO

Plan leson sou :

Sèks Moun.

Konsèy pou w adapte leson yo nan diferan kontèks ak nan diferan reyalite :



- Panse pou adapte aktivite a nan **Fanmi** an selon anviwònman familyal timoun yo nan klas la. Nan kèk ka, konvèsasyon sou sèks moun ka difisil si wòl ki gen rapò ak sèks moun, estereyotip, ak inegalite seksyèl byen ankre nan kilti dominan an.
- Panse pou w adapte deklarasyon ki gen rapò ak estereyotip yo nan aktivite **Aprantisaj** la, lè w ap itilize egzanp lokal ki apwopriye epi yo konnen an.
- Panse pou w adapte ewo fi yo nan aktivite **Siplemantè** yo, lè w ap itilize egzanp lokal ki apwopriye epi yo konnen yo.

Objektif Aprantisaj yo:



Nan fen leson sa a, elèv yo ta dwe kapab :

- Reflechi sou sijè a epi rekonèt chak moun inik ;
- Rekonèt epi reflechi sou estereyotip sèks yo.
- Konprann poukisa estereyotip yo nui sosyete a.

Kòman pou w itilize plan leson sa yo:



Plan leson sa divize an twa pati : **Entwodiksyon**, **Aprantisaj** ak **Refleksyon**. Li gen ladan l tou ribrik **Oryantasyon** pou ede w apwofondi konesans ou sou sijè espesifik yo. Anplis, ou pral jwenn bwat ki pwopoze aktivite an **Fanmi** ak aktivite **Siplemantè** ki pa obligatwa pou eksplòre plis bagay sou sijè leson an.

Apèsi nan leson an :



Nan leson sa a, timoun yo pral kòmanse reflechi sou idantite inik chak moun pandan y ap rekonèt tou yo tout gen karakteristik komen.

Y ap ankouraje timoun yo pou yo reflechi sou jan li fasil pou moun tonbe nan pyèy pou yo itilize estereyotip pou pale de moun ki gen karakteristik ak trè ki menm.

Dezyèm pati leson an konsantre pi espesyalman sou sèks moun. Timoun yo ap eksplòre plizyè estereyotip sou sèks moun ak konsekan ki asosye ak itilizasyon yo.

Pwoblematik :

Kisa estereyotip sou sèks moun ye, epi poukisa yo nui sosyete a?

laj:

6 a 9 lane

Valè yo :



Konpetans yo:



Dire :



Preparasyon ak sipò Kou a :

- 5 fèy nan fòm afich oswa fèy A4 yo.
- Tablo fèy mobil (ki rele tou tablo papyè oswa paperboard yon fo anglisis, non ki kòrèk la an anglè se flipchart).
- Makè.
- Si sa posib, gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Travail an ekip pou asistans (Le travail d'équipe à la rescousse) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, toude disponib sou sit entènèt inisyativ [GRACE](#). Anplis, dekouvri [band desine pou kolorye](#) ak [liv pou timoun yo](#), toude disponib sou sit entènèt inisyativ GRACE.



Entwodiksyon




1. Eksplike timoun yo yo pral eksplore idantite inik yo ak diferans yo, epi pale sou estereyotip.
2. Envite timoun yo chita atè a epi pou yo fè yon wonn. Après, envite chak timoun pou li pran 2 a 3 minit pou li reflechi sou tout karakteristik nou genyen an komen yo. Poze kesyon sa a epi envite timoun yo pran 2 a 3 minit pou yo jwenn yon repons :
« Kisa ou genyen an komen ak moun ki sou bò dwat ou a ? »
3. Envite timoun yo pou yo bay lamèn oswa pou yo itilize nenpòt lòt fason pou salye oswa ekspri afeksyon ak kamarad klas ki chita sou bò dwat yo a, epi pataje ak li sa yo genyen an komen.
4. Eksplike timoun yo menmsi yo gen karakteristik an komen, yo chak inik. Nou tout gen karakteristik ki fè nou diferan youn ak lòt.
5. Envite chak timoun yo pran 2 a 3 minit pou jwenn yon fason inik pou salye kamarad klas ki chita sou bò dwat li, lè l bay lamèn, fè yon mouvman ak kò l, oswa yon salitasyon. Menm jan an, chak timoun yo dwe panse ak yon bagay ki fè li se yon moun ki inik.
6. Finalman, mande chak timoun yo pou yo pataje ak klas la fason li salye epi dekri sa ki fè li inik.

Ribrik Oryantasyon Abòde kesyon diferans yo.

Nan aktivite **Entwodiksyon** an, timoun yo ka site diferans ki sansib yo tankou aptitud ki diferan yo, ras oswa relijyon yo.

Si sitiyasyon sa a parèt, pran opòtinite a pou souligne lè w diferan li pa yon bagay negatif. Presize nou ta dwe aksepte epi valorize tout diferans yo.



Aprantisaj



Remak : Si li posib pou w gade ak timoun yo [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Travay an ekip pou asistans (Le travail d'équipe à la rescousse) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, suiv etap ki anba yo. Si sa pa posib, sote etap 7 la.

1. Poze rès klas la kesyon ki vin annapre yo. Si sa nesèsè, itilize ribrik **Oryantasyon** sou estereyotip ak prejije yo pou entwodui epi ranfòse diskisyon an :

« Daprè ou, kisa estereyotip yo ye ? »

2. Gide diskisyon an pandan w ap soulinye estereyotip se kwayans ki dekri kèk gwoup moun, yo twò jeneral epi yo twò senp pou yo ta verite. Eksplike, souvan, moun yo idantifye kèk karakteristik ki sèlman pou gason oswa ki sèlman pou fi : sa yo se estereyotip sou sèks moun.

3. Envite timoun yo pou yo fòme plizyè ti gwoup epi pou yo jwenn yon seri fraz yo konsidere tankou estereyotip sou sèks moun. Ou ka gide yo pandan w ap eksplike yo yo ka reflechi sou :

- **Karakteristik pèsonalite :** pa egzanp, souvan yo atann yo pou fanm yo atansyone, pou yo byenveyan epi pou yo emosyonèl, pandan gason yo dwe gen konfyans nan tèt yo, yo dwe fò epi yo dwe kapab defann tèt yo.
- **Konpòtman domestik :** pa egzanp, gen kèk moun ki atann yo pou fanm yo pran swen timoun yo, kuit manje epi netwaye kay la, pandan gason yo ta dwe okipe kesyon finansye yo, renmen pran swen machin yo epi responsab pou reparasyon nan kay la.
- **Pwofesyon :** pa egzanp, gen kèk moun ki panse pwofesyon tankou pwofesè, estetisyen ak enfimyè se pou fanm sèlman, pandan pwofesyon tankou pilòt, doktè ak enjenyè ta dwe pou gason.
- **Aparans fizik :** pa egzanp, yo souvan panse fanm yo dwe mens epi elegen, pandan gason yo dwe gen bèl wotè epi pou yo miskel.

Ribrik Oryantasyon : Estereyotip ak prejije.

Pafwa, nou sipoze moun ki gen karakteristik patikilye yo oswa ki fè pati yon gwoup patikilye se menm, yo pataje karakteristik ki komen oswa yo tout konpòte yo menm jan.

Estereyotip yo se sipozisyon ki jeneralize, ki fiks epi ki twò senp sou yon gwoup moun ki gen karakteristik ki komen. Pa egzanp : tout tifi renmen koulè woz, tout ti granmoun yo frajil, oswa tout Etyopyen yo fò nan maraton. Se sa ki estereyotip yo. Yo asosye estereyotip ki gen rapò ak sèks moun ak gason epi fanm.

Nou aprann estereyotip atravè moun ki antoure nou : zanmi, granmoun ak moun ki nan televizyon oswa nan medya yo.

Estereyotip yo reprezante yon danje paske yo mennen konpreyansyon ki pa verite sou moun, yo kreye plis diferans nan mitan gwoup yo, sa ki fè diferans yo pi fò epi yo pi vizib, pandan y ap neglije karaktè ki inik epi ki endividyèl pou chak moun.



Aprantisaj



4. Aprè 10 minit, envite timoun yo pou yo pataje fraz yo.
5. Poze klas la kesyon sa yo :

« Ki konsekans estereyotip sa yo genyen ? »

« Èske li bon oswa li pa bon pou yo itilize estereyotip yo ? Poukisa ? »

6. Ensiste sou enpòtans pou rekonèt karaktè inik yon moun olye ou jije li sou baz lide tou fèt sou kilti li oswa sou karakteristik li pataje ak lòt moun, tankou paske li se yon fi oswa yon gason. Eksplike estereyotip yo enjis paske yo mennen nan jijman sou sa nou atann de moun oswa sou konpòtman yo, ki souvan pa koresponn ak reyalyte a.
7. Si sa posib, envite timoun yo gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Travay an ekip pou asistans (Le travail d'équipe à la rescousse) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la. Aprè ou fin gade videyo a oswa aprè ou fin li band desine a, poze kesyon sa yo pou lanse diskisyon an:

« Kisa istwa a ap eseye aprann nou, selon ou ? »

« Poukisa Sven panse Miriam pa gen ase fòs pou l ede l leve moso pyebwa a epi li ta dwe al eseye kalme chat la pito ? »

« Èske ou dakò ak Sven ? »

« Èske ou panse Miriam pa gen ase fòs pou l ede l leve moso pyebwa a ? »

« "Kisa ki fè ou di sa ? »

« Èske ou panse gason gen pils fòs pase fi ? Poukisa ? »

« Sven gen difikilte pou l admèt li gen vètij. Poukisa ? »



Refleksyon



1. Mande timoun yo ekri non youn nan ewo gason yo oswa ewo fi yo. Li ka yon moun reyèl oswa yon pèsonaj imajinè.
2. Aprè kèk minit, envite timoun yo pataje idantite ewo oswa ewoyin yo. Note repons yo sou yon tablo ki gen fèy mobil yo.
3. Envite timoun yo reflechi sou kantite pèsonaj fi ki nan lis la. Li posib pou gen plis pèsonaj gason pase pèsonaj fi. Si se konsa, mande timoun yo pou yo reflechi sou rezon ki fè yo chwazi plis ewo gason pase ewo fi. Si gen plizyè ewo fi nan lis la, mande timoun yo pou yo di poukisa yo chwazi ewo fi sa yo, epi diskite sou ni gason ni fi ka fè pati ewo yo.
4. Finalman, envite timoun yo reflechi sou estereyotip ki asosye ak fanm ak tifi ki souvan gen konsekans sou wòl yo jwe nan sosyete a.
Pa egzanp, aktivite sa a montre yo souvan konsidere ewo se yon bagay ki plis pou gason nan sosyete a. Se yon estereyotip negatif, paske li inyore endividyalite ak kapasite fanm ak tifi, epi li pa rekonèt fòs yo (bravou, anpati, entèlijans, elatriye.).
Eksplike gen anpil ewo fi, men souvan yo pa vizib oswa yo pa rekonèt yo tankou yon ewo paske yo pa jwenn menm nivo atansyon ak yo.

Ribrik Oryantasyon :

yon ewo familial

Li posib pou timoun yo fè referans ak ewo gason plis pase ewo fi pandan y ap fè aktivite sa a. Men, yo ka pale de yon ewoyin nan fanmi an, tankou manman, sè, grann, elatriye.

Si sa a rive, li enpòtan pou mande yo poukisa yo chwazi moun sa a epi ki aspè nan pèsonalite li ki fè li se yon ewoyin.

Nou dwe atann nou timoun yo ap pale de ewo fi fanmi yo sitou akòz wòl byenveyan yo jwe: pèsonalite amikal yo genyen, prezans yo ki kapab kalme yo, akòz pasyans yo, lanmou yo, elatriye.

Ou dwe konsyan lè nou bay valè ak ewo fi yo sèlman akòz wòl byenveyan yo jwe, nou toujou rete nan estereyotip: manman, sè oswa granmè ka vin ewo fi nou paske yo fò, yo entèlijan, yo briyan, elatriye, pa sèlman paske yo atantif, pasyan ak afektye.

Si ou bezwen ensiste sou pwèn sa a, reflechi sou plizyè rezon ki fè timoun yo chwazi ewo fi oswa ewo gason yo.



Refleksyon

**Aktivite Siplemanè : dekouvi ewo fi yo.**

Leson sa a se yon gwo opòtinite pou aprann plis sou ewo fi yo.

Envite timoun yo pou yo fòme plizyè ti gwoup. Bay chak gwoup youn nan kat istwa ewo fi ki nan lis ki anba a.

Bay ase tan pou chak gwoup li istwa a epi diskite sou li.

Envite chak gwoup pou yo prezante istwa yo epi lanse yon diskisyon pandan y ap poze kesyon sa yo:

- Èske ou panse moun sa a se yon ewo fi ? Poukisa ?
- Ki karakteristik ki fè li se yon ewo fi ?

Ou ka pwolonje aktivite sa a pandan w ap envite chak gwoup pou yo fè yon ti rechèch sou ewo fi yo. Yo ka aprann nouvo bagay sou ewo gason an oswa ewo fi yo te chwazi a, oswa dekouvi nouvo ewo fi. Envite timoun yo pou yo prezante rezilta rechèch yo nan klas la.

Si istwa ewo fi yo twò difisil pou timoun yo li, ou ka li yo pou yo nan klas la epi diskite sou fanm ki prezante nan istwa sa yo pandan w ap itilize kesyon ki te poze pi wo a.

Ewo fi 1 : Rosa Parks (1913-2005)

Yo konsidere Rosa Parks tankou premye dam dwa sivik yo ak manman mouvman pou libète a. Li te resevwa tit sa yo akòz aksyon li te fè 1ye desanm 1955 lan. Nan epòk sa a, moun ki gen orijin afriken te viktim enjistis nan Etazini Amerik. Pa egzanp, nan Montgomery, kote Parks te rete a, yo te dwe chita nan yon plas espesyal nan bis piblik yo, yo pa t gen dwa chita nan plas ki rezève pou pasaje blan yo.

Nan jou desanm 1955 la, Rosa Parks monte nan bis li aprè yon long jounen travay epi li chita nan zòn ki rezève pou pasaje blan yo. Pandan bis la ap ranpli, chofè a mande Rosa Parks pou li leve pou l bay pasaje blan an plas li a. Madam Parks te panse sa a te enjis anpil epi li te refize bay plas li a. Refi li a te mennen nan yon gwo manifestasyon sosyal epi li te ede lanse efò nan tout peyi a pou mete fen ak segregasyon nan bis piblik yo. Aprè manifestasyon an, vil Montgomery te aboli lwa ki te egziye segregasyon nan bis piblik yo.



Refleksyon



Aktivite siplemantè : dekouvri ewo fi yo

Ewo fi 2 : Valentina Tereshkova (ki fèt nan lane 1937)


Tereshkova fèt nan peyi Larisi, epi depi lè li te piti, li te enterese sèlman ak yon sèl bagay: vole. Li pase anpil èdtan kouche sou gazon an ap gade syèl la, ap mande kijan sa ye lè w vole tankou yon zwazo, oubyen menm pi byen menm, pou w ale pi lwen pase nyaj yo ak nan lespas.

Tereshkova te tèlman fasine ak lide pou l vole a, li te ekonomize salè premye travay li nan yon konpayi tekstil lokal pou li te ka aprann sote nan parachit. Li toujou sonje premye sote li te fè : eksitasyon an lè elikoptè a dekole, frison li te santi lè li te gade tè a ak lè li te sote a, ouvèti parachit la ak kalm lè li t ap flote nan syèl la, lè li t ap gade kay, machin ak jaden ki t ap vin pi gwo pandan li t ap desann pi ba. Li te konnen depi lè sa a, desten li pa t nan faktori a.

Tereshkova te tèlman detèmine pou l pousuiv rèv li, li te enskri nan premye pwogram kosmonot fi yo. Yo te seleksyone li pami 400 kandida pou vin premye fanm ki pou ale nan lespas.

6 jen 1963 la, pandan li gen 26 lane, li te monte nan veso espasyal Vostok 6 la epi li te ale nan lespas. Li te pase preske 3 jou ap vwayaje poukont li nan kapsil espasyal li a, li te fè wonn latè 48 fwa. Li te reyisi bat tan rekò vòl tout astwonot Ameriken yo nan yon sèl misyon.

Tereshkova, ki te gen non kòd "Mwèt (Mouette)" pandan vwayaj istorik li a, li se yon ewo fi nasyonal nan peyi Larisi.



Refleksyon



Aktivite siplemantè : dekouvri ewo fi yo

Ewo fi 3 : Wangari Maathai (1940-2011)

Maathai te kwè yo dwe trete moun ak anviwònman an ak jistis epi respè. Li te goumen pou sa a anpil epi li te angaje l anpil pou valè sa yo. Gras ak kontribisyon li nan devlopman dirab, demokrasi ak lapè, li te vin premye fanm afriken ak premye ekolojis ki te genyen pri Nobel lapè.

Kijan li te rive la ? Li fèt nan yon vilaj ki nan zòn riral Kenya, epi li te renmen fè sa anpil jèn fi ak jèn gason te renmen fè. Chak jou, li te ale ak paran li nan patiraj yo : li te renmen pase anpil tan ap benyen nan rivyè ki tou prè a epi jwe kach-kach nan mitan gwo pyebwa yo. Li te renmen sant mango mi ki te pandye sou branch pye mango yo epi li te renmen chèche krikèt nan zèb ki wo yo.

Nan epòk sa a, fi pa t konn ale lekòl souvan sitou nan zòn riral yo. Men, lè Maathai grandi, li te kòmanse mande paran li poukisa frè li yo t ap ale lekòl pandan li pa t gen dwa pou l ale tou. Paran li te reyalize pa t gen okenn rezon pou li pa ka ale lekòl, konsa yo te aksepte voye li.

Maathai te renmen lekòl la epi li te briyan anpil. Li te tèlman briyan, paran li te kite li ale nan lekòl segondè, epi après, nan inivèsite pou etidye biyoloji. Pa gen moun nan vilaj li a ki te janm wè kote yon fanm ale nan inivèsite. Li te tèlman briyan nan inivèsite a, li te vin premye fanm nan Afrik lès ak santral ki te gen yon doktora.

Maathai deside li te dwe fè plis pou peyi li, sitou pou fanm yo, epi li te vin prezidan Konsèy Nasyonal Fanm Kenya. Maathai te resevwa anpil plent nan men fanm yo sou rivyè ki te sèch ak legim ak bwa ki te manke. Li te retounen nan vilaj li a epi li pa t jwenn lòt bagay pase tè ki chaje ak pousyè kote ki te gen anpil pyebwa lontan. Li te rann li kont se rezon sa ki te fè pa t gen dlo, legim ak bwa. San pyebwa yo pou kenbe epi konsève dlo a, ekosistèm nan te deranje epi tè yo t ap mouri.

Maathai reyalize yo dwe plante anpil pyebwa. Li te reyisi konvenk anpil fanm pou ede l retounen ak forè a. Se te yon gwo pwojè ki te difisil pou reyalize men fanm yo te plante, plante, plante. Yo te reyisi retounen ak forè a jan l te ye a, ak rivyè yo, tout plant yo ak pye mango yo. Maathai pa t rete la. Li te kreye mouvman sentiwon vèt la (Green Belt Movement an anglè), ki gen pou objektif pou veye sou tè a ak sou moun k ap viv sou planèt sa a.



Refleksyon



Aktivite siplemantè : dekouvri ewo fi yo

Ewo fi 4 : Zaha Hadid (1950-2016)

Hadid pa t yon achitèk òdinè. Li te yon "estachitèk." Poukisa ? Akòz istwa inik li, ki chaje ak tenasite entèlektyèl, bote ak senplisite, ansanm ak siksè li nan yon domèn gason domine.

Zaha Hadid fèt Bagdad, nan peyi Irak. Lè li te piti, paran li te mennen li vizite ansyen vil simeriye yo nan sid peyi a. Vil sa yo se vestij youn nan pi ansyen sivilizasyon nan monn lan. Bote peyizaj la te frappe Hadid. Fason kote batiman yo, sab la, dlo a ak moun yo te rasanble a te kite yon gwo enpak sou li, sa ki fè li deside vin achitèk pou l ka repwodui sa a nan monn modèn lan.

An 1977, senk ane aprè li te nan Wayòm Inni a, li te jwenn diplòm inivèsite li epi li te kòmanse devlope pwojè radikal ak inovan li yo. Men, nan kòmansman an, anpil moun te konsidere lide li yo tankou bagay ki pa te ka reyalize : bèl plan li yo te sanble ap rete sou papyè oswa ap fè bèl paj magazin achitèk. Men, Hadid pa t janm abandone. Li te kontinye goumen epi li te refize chanje lide li yo, sa ki pa t fasil nan yon domèn gason domine.

Nan fen lane 1990 yo, aprè li te resevwa rekonesans entènasyonal pou konsepsyon Sant Atizay Kontanporen Cincinnati a, li vin tounen yon selebrite entènasyonal epi li kontinye refè peyizaj anpil vil nan monn lan. An 2004, li te resevwa pi gwo distenksyon nan pwofesyon li an : pri achitèkti Pritzker. Li te premye fanm ki te resevwa pri sa a.



Refleksyon

**Aktivite an Fanmi : Pale sou estereyotip sou sèks moun nan kay la**


Pale sou estereyotip sou sèks moun nan kay la ka parèt difisil. Nan kèk kilti, fanm yo sipoze pran swen timoun yo, okipe kay la ak travay pandan anpil tan. Konsa, gen ti kras egalite ant fanm ak gason. Konsa, olye pou pale sou eksperyans pèsònèl, li ka pi bon pou itilize pèsònaj istorik pou diskite epi sansibilize sou estereyotip sou sèks moun ak egalite ant sèks yo.

Ou ka envite timoun yo pou yo itilize egzanp ewo fi yo dekri nan aktivite **Siplemantè** a. Yo ka pataje egzanp sa yo an fanmi epi mande paran yo si yo konnen moun sa yo, epi, si yo pa konnen yo, poukisa yo panse yo pa selèb. Ou ka envite timoun yo tou pou yo mande paran yo pou yo pale sou ewo fi yo ak rezon ki fè yo chwazi yo.

Si kilti lokal la pèmèt sa, ou ka envite timoun yo fè kèk ti entèvyou ak manman yo ak lòt manm fanmi an ki se fanm. Yo ka mande yo kijan wòl yo antanke fanm te chanje avèk tan an, ni nan kay la ni nan sosyete a. Èske gen bagay yo pa t gen otorizasyon pou yo fè anvan, men yo ka fè yo jodi a? Ki pwofesyon ki te ra pou fanm fè? Ki pwofesyon ki te ra pou gason fè?

Après timoun yo fin fè entèvyou yo, envite yo pou yo pataje rezilta yo ak klas la. Envite yo pou yo diskite sou estereyotip sou sèks moun ak kijan wòl yo chanje avèk tan an oswa ak istwa a. Ou ka eseye diskite sou orijin estereyotip yo ak evolisyon yo avèk tan an. Si sa nesèsè, eksplike yo kijan estereyotip yo se rezilta konstriksyon sosyal epi yo chanje epi yo evolye ak sosyete a.





RESPÈ POU TOUT MOUN

Plan leson sou :

Evite krim ak jistis penal.

Konsèy pou w adapte leson yo nan diferan kontèks ak nan diferan reyalite :



- Anvizaje pou modifiye lis mo yo nan aktivite **Aprantisaj** la pou l adapte ak klas ou a.

Objektif Aprantisaj la :



Nan leson sa a, elèv yo dwe ka :

- Konprann sans respè ;
- Rekonèt estereyotip ak prejije yo ;
- Konprann efè danjere estereyotip ak prejije yo ;
- Soutni divèsite.

Kòman pou w itilize plan leson sa :



Plan leson sa divize an twa pati : **Entwodiksyon**, **Aprantisaj** ak **Refleksyon**. Li gen ladan l tou ribrik **Oryantasyon** pou ede w apwofondi konesans ou sou sijè espesifik yo. Anplis, ou pral jwenn bwat ki pwopoze aktivite an **Fanmi** ak aktivite **Siplemantè** ki pa obligatwa pou eksplòre plis bagay sou sijè leson an.

Apèsi nan leson an :



Leson sa a pale sou responsablite nou gen pou trete tout moun ak respè, epi sou kijan respè ka ede bati yon monn ki aksepte tout moun, ki gen jistis, ak lapè.

Premyeman, timoun yo ap egzamine sans mo "respè." Après, y ap aprann kisa ki prejije ak estereyotip, epi y ap reflechi sou yo.

Finalman, timoun yo ap etidye konsekans prejije ak estereyotip, epi y ap konprann poukisa yo reprezante yon danje.



Pwoblematik :

Kisa ki estereyotip ak prejije?

Kijan nou ka asire nou nou trete tout moun ak respè?

Laj :

9 a 12 lane

Valè yo :



Konpetans :



Dire



Remak: Si ou pa gen ase tan pou w anseye tout leson an, ou ka anseye pati **Entwodiksyon** aktivite a poukont li. Anplis, pati **Entwodiksyon** aktivite a ka...pwolonje lè w mete li ak leson ki rele « Yon mozayik diferans (Une mosaïque de différences) », ki mete aksan sou pwomosyon divèsite a.

Preparasyon ak sipò Kou a :

- Tablo fèy mobil (ki rele tou tablo papye oswa paperboard yon fo anglisis, non ki kòrèk la an anglè se flipchart).
- Makè ; Materyèl pou fè desen.
- Si sa posib, gade **videyo** Zorbs yo ki rele « Viv respè (Vive le respect) » oswa li **band desine** ki koresponn avè l la, toude disponib sou sit entènèt inisyativ **GRACE**. Anplis, dekouvri **band desine pou kolorye a** ak **liv pou timoun**, yo toude disponib sou sit entènèt inisyativ **GRACE**.

Entwodiksyon



1. Envite timoun yo pou yo fòme plizyè ti gwoup epi reponn kesyon sa a :
« Kisa respè vle di pou ou? »
2. Mande chak gwoup pou pataje lide yo. Envite rès klas la pou yo kanpe si yo dakò ak definisyon yon gwoup bay, oswa pou yo rete chita si yo pa dakò.
3. Mande sa yo ki pa dakò a pou yo jistifye repons yo epi pou yo eksplike kijan yo t ap modifiye definisyon an. Pran nòt sou yon tablo ki gen fèy mobil.
4. Eseye jwenn yon definisyon sou respè, tout klas la ka dakò sou li.
5. Mande timoun yo sa ki annapre a :
« Kisa ou te santi lè kèk nan kamarad klas ou yo te dakò ak definisyon gwoup ou a? »
« Kisa ou te santi lè kèk nan kamarad klas ou yo pa t dakò ak definisyon gwoup ou a? »
« Èske zanmi ou yo ka gen yon opinyon diferan ak pa w la? »
6. Finalman, ensiste pou w di fè prèv respè se aksepte opinyon ki diferan ak pa nou yo.
Eksplike pou w di li fasil pou w respekte moun ki sanble ak nou epi ki panse tankou nou, men nou dwe asire nou, nou respekte tout moun, kèlkeswa sa yo panse oswa jan yo diferan de nou.
Eksplike pou w di tou, lè w respekte moun, sa vle di ou aksepte dwa lòt moun genyen pou remete an kesyon opinyon nou yo ak sa nou panse yo, depi nou respekte youn lòt. Nou ta dwe toujou bay yon opinyon pandan n ap itilize yon rezonman lojik epi ki baze sou bagay ki reyèl, epi diskite yon fason ki kalm epi ki rezonab. Nou pa dwe kite pou se atitid nou oswa emosyon nou yo ki se sèl baz opinyon nou yo.



Ribrik Oryantasyon :

Definisyon respè

Bien qu'il soit facile de reconnaître des situations où l'on manque de respect, il est plus difficile de définir le sens du respect.

Malgre li fasil pou rekonèt sitiyasyon kote pa gen respè, li pi difisil pou defini sans respè a.

Pou ede w kòmanse aktivite Entwodiksyon an, men kèk definisyon respè ki sòti nan diksyonè anliy Larousse. (<https://www.larousse.fr/dictionnaires/francais/respect/68670>).

Si timoun yo gen difikilte pou yo jwenn pwòp definisyon pa yo, ou ka li definisyon sa yo pou yo epi envite yo pou yo di si yo dakò oswa si yo pa dakò ak deklarasyon yo, epi reflechi sou kijan yo ta ka modifiye yo.

Respè se « admirasyon ou santi oswa ou montre yon moun oubyen yon bagay ki, selon ou, gen bon lide oswa bon kalite. »

Se « politès, lonè, ak atansyon ou bay yon moun oswa yon bagay yo konsidere ki enpòtan. »

Epi finalman, se « yon santiman ou montre ou aksepte koutim oswa kilti yo diferan, epi ou konpòte ou yon fason ki p ap blese moun. »

Aprantisaj



Remak : Si l posib pou w gade ak timoun yo [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Viv respè (Vive le respect) » oswa li [band dessin](#) ki koresponn avè l la, suiv etap ki anba yo. Si sa pa posib, sote etap 7 la.

1. Eksplike klas la ou pral li yon seri mo, epi tout timoun dwe ekri chak mo yo sou yon fèy papye, ak sa ki premye vin nan tèt yo aprè yo fin tande mo a. Timoun yo dwe note tout ide posib.
2. Li chak mo sa yo. Kite kèk segond aprè chak mo yo pou timoun yo ka note lide yo. Raple yo pou yo note premye bagay ki vin nan tèt yo a epi pou yo pa twò reflechi sou egzèsis la.
 - Enfimye
 - Dansè klasik
 - Vòlè
 - Prezidan
3. Après, chwazi youn nan mo yo epi mande timoun yo pou yo revele sa li te note yo. Ekri ide timoun yo sou yon tablo ki gen fèy mobil.
4. Aprè ou fin note lide yo sou tablo ki gen fèy mobil yo, chwazi youn ladan yo epi mande timoun yo si yo panse li aplikab pou tout moun ki nan kategori sa a. Pa egzanp, si timoun yo jwenn mo « fanm » pou enfimye, mande yo si yo panse tout enfimye yo se fanm. Eksplike pafwa nou twò senplifye lide nou sou moun oswa sou gwoup moun yo. Ide sa yo ki twò senplifye yo se estereyotip, epi yo negatif. Estereyotip yo reprezante yon danje paske yo pa konsidere idantite inik moun epi yo souvan deklannche prejije. Yon prejije se yon mepri ki pa rezonab anè yon gwoup moun patikilye oswa yon preferans pou yon gwoup moun olye yon lòt. Prejije yo se ide negatif ki pa baze sou rezon oswa eksperyans.
5. Mande timoun yo pou yo fòme kèk gwoup epi pou yo revize lis mo ki te ekri nan kòmansman aktivite a, epi di kiyès ladan yo ki se estereyotip.


**Rubrique d'Orientation:
diversité, différences et
stéréotypes de genre**

Cette activité met l'accent sur les préjugés et les stéréotypes et sur l'importance de respecter tout le monde. Si vous souhaitez explorer davantage les stéréotypes de genre, vous pouvez vous référer à la fiche pédagogique intitulée « Nous pouvons tous être des héros ».


Si vous souhaitez approfondir le thème de la diversité et des différences, jetez un coup d'œil à la fiche pédagogique intitulée « Une mosaïque des différences ».



Aprantisaj



6. Mande timoun yo pou yo reflechi sou kesyon sa yo :
 - « Ki moun ki souvan fè fas ak estereyotip? »
 - « Poukisa moun yo itilize estereyotip? »
 - « Poukisa estereyotip yo pa yon siy respè? »
7. Envite timoun yo pou yo gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Viv respè (Vive le respect) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la. Apre ou fin gade videyo a oswa aprè ou fin li band desine a, itilize kesyon sa yo pou lanse yon diskisyon:
 - « Poukisa li enjis pou Carlos ak Grace di ekip Woz yo se pi gwo enpostè epi yo konn blese lòt moun pou yo jwenn avantaj? »
 - « Poukisa prejije yo enjis? »
 - « Poukisa Carlos ak Grace te pi byen amize yo pase ane pase ? »
8. Pou fini, fini aktivite a pandan w ap diskite sou kijan moun ki viktim estereyotip ak prejije yo ka santi yo, epi poukisa li enpòtan pou toujou trete tout moun ak respè. Ensiste sou enpòtans pou valorize idantite inik chak moun.



Refleksyon



Remak : Si ou pa gen tan pou trete tout leson an, ou ka anseye aktivite **Refleksyon** an poukont li. Ou ka devlope aktivite **Refleksyon** an lè w mete l ansanm ak fich pedagogik ki rele « *Yon mozayik diferans (Une mosaïque de différences)* ».

1. Poze timoun yo kesyon sa a :

« Poukisa li enpòtan pou valorize idantite inik chak moun? »

2. Envite timoun yo pou yo fòme kèk gwoup epi bay chak gwoup materyèl desen yo. Mande timoun yo pou yo desine imaj ki montre divèsite nan lanati. Pa egzanp, diferan kalite flè ak bèt yo konnen.

3. Aprè 15 minit, mande chak gwoup yo pou yo montre rès klas la desen yo a epi pou yo eksplike kisa yo te desine a. Pa egzanp, diferan kalite flè ak bèt yo te desine a.

4. Poze timoun yo kesyon sa yo :

« Èske ou panse desen yo t ap pi bèl si yo te reprezante sèlman yon sèl kalite espès (pa egzanp, yon sèl kalite flè oswa bèt) ? »

« Kijan diferans yo kontribye pou fè monn nou an pi rich ak pi bèl ? »

« Epou diferans nan limanite yo? Kijan diferans nou yo kontribye nan bote ak nan richès klas nou an ? »

Soulinye, divèsite a, nan tout fòm li yo, kontribye nan bote ak nan richès anviwònman natirèl nou an ak nan kominote nou an. Eksplike chak flè oswa bèt, kèlkeswa gwosè a, gen yon wòl ki inik epi ki enpòtan.

Eksplike, menm jan an, tout moun inik epi yo pote lide, konsepsyon, opinyon, konpetans, ak eksperyans ki se richès sosyete nou an. Pa gen moun ki ka ranplase yon lòt. Anplis, trete moun ak respè vle di rekonèt nou tout gen yon plas ki egal nan sosyete nou an kèlkeswa diferans yo. Rekonèt pozisyon egal nou nan sosyete a pèmèt nou kreye relasyon ki aksepte tout moun epi gen lapè nan mitan youn lòt.

Ribrik Oryantasyon : règ debaz sou respè

Lè w ap diskite sou respè ak sou enpòtans pou nou youn respekte lòt, asire ou ajoute pwèn sa yo :

- Pa jije moun selon jan ou panse yo ta ka ajè.
- Pa joure oswa fawouche moun, menm lè yo pa ka tande ou.
- Pa fè lide sou moun dapre karakteristik espesyal yo genyen.
- Valorize opinyon, panse, fason yo konprann yon reyalyte, ak ide lòt moun.
- Valorize divèsite.
- Rete janti epi montre ou gen anpati.
- Pa pè poze kesyon.
- Sansib ak sa lòt moun ka santi.
- Pa pè diferans yo.
- Toujou respekte moun.



Refleksyon

**Aktivite an Fanmi : pale sou estereyotip yo ak sou evolisyon yo nan tan an.**

Mande timoun yo pou yo entèwoje paran yo oswa granparan yo epi pou yo mande yo si yo panse kèk estereyotip chanje pandan tan an, epi, si sa posib, kijan sa fèt.

Mande timoun yo pou yo pataje konvèsasyon yo te genyen yo ak klas la si yo pare pou yo fè sa. Envite yo pou yo reflechi sou fason yo pa ka korije estereyotip yo epi sou fason yo chanje avèk tan an, ak kòman yo pa menm jan nan tout pati nan monn lan.


Mande yo : Poukisa ou panse estereyotip yo ap evolye ?

Si sa nesèsè, esplike timoun yo, estereyotip yo se rezilta panse ak santiman gwoup ki enpòtan epi ki pisan nan sosyete a gen sou moun yo konsidere ki diferan oswa ki fèb, ki se yon danje potansyèl pou sosyete a.

Estereyotip yo pa baze sou reyalyte syantifik, men sou fason kèk moun klase lòt moun. N ap aprann estereyotip yo gen sou moun ki antoure nou yo : paran, kamarad, pwofesè, moun nan televizyon ak nan medya yo, elatriye. Lè nou itilize estereyotip yo, nou alimante yo epi nou kenbe yo vivan.

Kilti yo evolye avèk tan an, konsa fason nou wè kèk moun ak kèk gwoup moun evolye tou. Gen kèk estereyotip k ap disparèt pandan gen kèk lòt ki fenk ap parèt.





NOU TOUT GEN DWA !

Plan leson sou :

Dwa timoun yo.

Konsèy pou w adapte leson yo nan diferan kontèks ak nan diferan reyalyte :



- Ou ka diskite sou dwa timoun yo an jeneral ansanm ak vyolasyon dwa timoun yo nan lòt pati nan monn lan ak timoun ki pi gran yo paske yo ka pi fasil reflechi ak tèms ki abstrè pase timoun ki pi piti yo. Ak timoun ki pi piti yo, li pi bon pou bay egzanp ki enpòtan pou kominote w la.
- Si w ap travay ak yon gwo gwoup timoun, ou ka ranplase travay de moun lan ki nan aktivite [Entwodiksyon](#) an ak yon travay plizyè ti gwoup.

Objektif Aprantisaj la :



Nan fen leson sa a, timoun yo ta dwe kapab :

- Rekonèt tout timoun gen dwa ;
- Idantifye kèk dwa timoun yo genyen ;
- Konprann gen kèk timoun ki pa jwi menm dwa ak lòt yo ;
- Adopte aksyon ak konpòtman ki reflekte angajman anvè valè Konvansyon Nasyonziini sou Dwa Timoun (CIDE) nan ankouraje a.

Kòman pou w itilize plan leson sa :



Plan leson sa divize an twa pati : [Entwodiksyon](#), [Aprantisaj](#) ak [Refleksyon](#). Li gen ladan l tou ribrik [Oryantasyon](#) pou ede w apwofondi konesans ou sou sijè espesifik yo. Anplis, ou pral jwenn bwat ki pwopoze aktivite an [Fanmi](#) ak aktivite [Siplemantè](#) ki pa obligatwa pou eksplòre plis bagay sou sijè leson an.

Apèsi nan leson an :



Timoun yo bezwen yon atansyon ak yon pwoteksyon espesyal paske yo pi frajil fas ak eksplwatasyon ak abi pase granmoun yo.

Nasyonziini devlope yon seri dwa pou timoun yo pou pwoteje yo, pou asire granmoun yo ak Gouvènman yo ede yo viv yon lavi ki gen lajwa, bonè, ki an sante, epi ki an sekirite. Respekte dwa timoun yo kontribye nan kreye yon sosyete ki aksepte tout moun, ki gen jistis, ak lapè : anseye timoun yo dwa sa yo se yon etap pou reyalyze objektif sa yo.

Nan leson sa a, timoun yo ap aprann ki sa dwa yo ye epi poukisa yo genyen dwa sa yo. Y ap aprann tou poukisa yo ta dwe apresye dwa sa yo epi rekonèt pafwa yo ka neglije yo oswa vyole yo.

Nan fen leson sa a, timoun yo ap planifye aktivite pou sipòte aplikasyon dwa timoun yo nan klas la, nan lekòl la, ak nan kominote yo a.

Pwoblematik :

Kisa dwa timoun yo ye epi kijan pou defann valè yo reprezante yo?

Âge:

9 a 12 lane

Valè yo:



Konpetans yo:



Dire:



Preparasyon ak sipò Kou a :

- Si sa posib, bay chak timoun yon kopi vèsyon ki pou timoun yo nan Konvansyon Nasyonziini sou Dwa Timoun yo. www.unicef.org/sites/default/files/2019-10/convention-droits-enfants-versions-pour-les-enfants.pdf. Si sa pa posib, enprime l nan gwo fòm epi afiche l sou yon mi klas la.

- Ansyen jounal ak ansyen magazin.

- 5 pè sizo.

- 5 baton kòl.

- 6 tablo ki gen fèy mobil (yo rele tou tablo papye oswa paperboards, yon fo anglis; non kòrèk la

- an anglè se flipcharts) ak afich.

- 5 plim.

- 1 boul.

- Si sa posib, gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Aprann se yon chans (Quelle chance d'apprendre) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, toude disponib sou sit entènèt inisyativ [GRACE](#). Anplis, dekouvri [band desine pou kolorye a](#) ak [liv pou timoun yo](#), toude disponib sou sit entènèt inisyativ [GRACE](#).

Entwodiksyon



1. Sou yon tablo ki gen fèy mobil, ekri tit la « Dwa Timoun Yo ». Eksplike timoun yo w ap pale sou dwa timoun yo epi poukisa yo bezwen dwa sa yo pou yo ka grandi nan bonè, an sante epi an sekirite.
2. Mande timoun yo pou yo reflechi poukont yo sou sa ki annapre a :


« Kisa dwa ou yo ye ? »

3. Envite timoun yo pou yo pataje lide yo ak vwazen/vwazin adwat yo a.
4. Aprè kèk minit, mande chak de timoun yo pou yo pataje lide yo ak rès klas la.
5. Note repons yo sou tablo ki gen fèy mobil yo epi pa eseye korije yo. Kite timoun yo idantifye tout erè yo pandan w ap kòmanse dyalòg la. Pa egzanp, poze kesyon « Ki moun ki gen yon lide diferan ? » Kisa ki fè ou panse sa ? » Kenbe tablo a pou aktivite [Aprantisaj 1](#) ak [Aprantisaj 2](#) a.
6. Depi chak moun te gen chans pou yo pale, poze timoun yo kesyon sa yo :

« Poukisa nou gen dwa espesifik pou timoun yo ? Èske li enpòtan ? Poukisa li enpòtan ? »

« Kijan dwa timoun yo kontribye nan kreye kominote ki aksepte tout moun, ki gen jistis, ak lapè ? »

7. Si sa nesèsè, presize pou w di chak moun bezwen dwa ki pou asire l nou toujou ap trete l yon fason ki jis epi pou nou kapab viv nan bonè.
Trete timoun yo yon fason ki ekitab, reponn ak bezwen yo, tandè vwa yo, epi konbat tout enjistis yo ka fè fas avèk yo, tout sa kontribye nan konstrui kominote ki aksepte tout moun, ki gen jistis, ak lapè. Eksplike, timoun yo (tout moun ki gen laj ant 0 ak 18 lane) bezwen dwa espesifik paske yo pi frajil fas ak eksplwatasyon epi abi. Konsa, li enpòtan pou w asire w granmoun yo ak gouvènman yo ede yo viv yon lavi ki gen lajwa, bonè, sante, epi ki an sekirite.



Entwodiksyon

**Ribrik Oryantasyon: Kijan pou kreye yon anviwònman nan klas la ki baze sou dwa moun.**

Timoun yo aprann nan egzanp granmoun yo bay yo, espesyalman granmoun yo fè konfyans, tankou pwofesè yo. Se poutèt sa li enpòtan pou konstrui yon anviwònman eskolè ki baze sou dwa yo epi ki ankouraje respè, pataj, patisipasyon, ak kowoperasyon. Sa ap ede timoun yo aprann dwa moun yo fè pati entegral nan lavi chak jou.

Men kèk konsèy jeneral pou konstrui yon anviwònman eskolè ki baze sou dwa moun. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri gade resous ki anba a.

1. Itilize yon pwogram ki laj, ki pètinan epi ki enklizif.

- Asire w eksperyans aprantisaj la san prejije (pa egzanp, prejije ki baze sou sèks moun, sou kapasite oswa sou ras).
- Itilize yon pwogram laj ki gen lekti, matematik, syans, elatriye ak jwèt.
- Itilize yon ansèyman ki pètinan pou enterè ak bezwen timoun yo.
- Itilize yon edikasyon bileng oubyen multileng pou ede timoun ki pa konprann lang prensipal ansèyman an.

2. Itilize yon ansèyman ak yon evalyasyon ki baze sou dwa yo

- Itilize metòd ansèyman ki adapte pou timoun yo, ki patisipatif epi ki enklizif (pa egzanp, evite aprantisaj pa kè) k ap konsidere karaktè inik chak timoun.
- Asire w fanmi ak manm kominote a ap patisipe yon fason ki aktif paske aprantisaj la pa fèt sèlman nan lekòl la.
- Itilize estrateji evalyasyon k ap konsidere karaktè inik chak timoun epi ki fèt pou ankouraje estim yo (yon apwòch endividyèl olye tès estanda yo).

3. Kreye yon anviwònman fizik ki sen, ki an sekirite, epi ki adapte pou timoun yo.

- Entwoudi nòm minimòm sante ak sekirite nan edikasyon an, sa gen ladan li jesyon sante ak sekirite, ansanm ak ansèyman sou sante epi sekirite nan pwogram eskolè.
- Kreye yon espas aprantisaj ki fèt pandan y ap panse ak timoun yo. Pa egzanp, kreye yon espas ki san danje epi ki enklizif (kote tout moun ka deplase fasil, sa gen ladan li timoun ki pa byen wè yo oswa timoun k ap itilize yon chèz woulant yo), epi kote yo plase materyèl la yon fason pou timoun yo ka jwenn li byen fasil.

4. Kreye yon anviwònman emosyonèl ki sen, ki an sekirite, epi ki adapte pou timoun yo.

- Kreye yon anviwònman ki akeyan, ki gen respè, ki amikal, kote pwogrè ak aprantisaj yo rekonpanse.
- Ankouraje kowoperasyon pase konpetisyon.
- Ankouraje yon kominikasyon ki ouvè epi k ap bay sipò.
- Evite tout tip vyolans emosyonèl ak fizik (pa egzanp, entimidasyon oswa asèlman).
- Evite prejije (pa egzanp prejije ki baze sou sèks moun, sou kapasite oswa sou ras) nan klas la tout tan.

Resous :

- World Health Organization Information Series on School Health, *Creating an environment for emotional and social well-being: an important responsibility of a health-promoting and child-friendly school*
<https://apps.who.int/iris/handle/10665/42819>
- Child Rights Education Toolkit: Rooting Child Rights in Early Childhood Education, Primary and Secondary Schools, UNICEF
<https://www.unicef.org/fr/convention-droits-enfant/la-convention>
- Manual for Child Friendly Schools, UNICEF
https://www.unicef.org/french/publications/files/Child_Friendly_Schools_Manual_FR_05282009.pdf

Aprantisaj 1



Ribrik Oryantasyon : Aprantisaj 1 ak 2

Pati **Aprantisaj** nan aktivite sa a divize an de pati : **Aprantisaj 1** an konsantre l sou idantifikasyon dwa timoun yo, epi nan **Aprantisaj 2** a timoun yo pale sou vyolasyon dwa sa yo.

Li rekòmande pou w fini **Aprantisaj 1** an anvan ou pase nan **Aprantisaj 2** a. Men, ou ka chwazi konbyen tan w ap mete pou w fè chak aktivite yo. Ou ka pran plis pase yon jounen pou fini leson sa a.



Remak : Si l posib pou w gade ak timoun yo [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Aprann se yon chans (Quelle chance d'apprendre » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, suiv etap ki anba yo. Si sa pa posib, sote etap 6 la.

1. Mete ansyen jounal ak ansyen magazin yo sou yon tab nan mitan klas la.
2. Envite timoun yo pou yo fòme senk gwoup epi bay chak gwoup yon ti kòl, yon pè sizo, ak yon tablo ki gen fèy mobil.
3. Eksplike, chak gwoup dwe kreye yon afich k ap montre de dwa timoun yo genyen gras ak imaj ki soti nan jounal ak magazin yo. Di yo, yo ka pwouve kreyativite yo epi yo ka transfòme afich yo an band desine oswa yo ka jis chwazi kèk imaj ki, selon yo, ka koresponn ak dwa yo gen nan tèt yo a. Ou ka ede yo chwazi dwa yo vle konsantre yo sou yo a pandan w ap raple yo dwa yo te wè pandan aktivite **Entwodiksyon** an.
4. Bay gwoup yo 20 minit pou yo fè afich yo a. Lè tan sa a fini, envite chak gwoup yo pou yo prezante sa yo te kreye a epi mande rès klas la pou devine ki dwa timoun yo reprezante sou afich la.

Aprantisaj 2



5. Envite timoun yo pou yo egzamine dwa yo te note nan aktivite **Entwodiksyon** an ak **Aprantisaj 1** an. Kòmanse yon diskisyon sou vyolasyon dwa timoun yo avèk kesyon sa a :

« Èske nou konnen kèk dwa timoun yo vyole souvan nan antouraj nou ? »

Ribrik Oryantasyon : vyolasyon dwa timoun yo

Timoun yo ka gen difikilte pou yo idantifye vyolasyon dwa yo, kote yo ka site kèk bagay yo konnen ki enjis, men ki pa yon vyolasyon dwa.

Li enpòtan pou raple yo, dwa timoun yo se bagay ki pèmèt yo asire y ap resevwa atansyon ak pwoteksyon espesyal yo bezwen pou yo grandi nan lajwa epi an sante.

Vyolasyon dwa timoun yo fèt lè bezwen timoun yo pa respekte. Reflech ansanm sou tip bezwen sa yo epi fè diferans ant bezwen ak dezi.

Si sa nesesè, bay kèk egzanp sou vyolasyon (pa egzanp, timoun ki oblije abandone lekòl oswa ki ap travay nan move kondisyon). Envite timoun yo pou yo reflechi sou bezwen yo neglijje yo nan ka sa yo.



Aprantisaj 2



6. Envite timoun yo pou yo gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Aprann se yon chans (Quelle chance d'apprendre) oswa bay [band desine](#) bay band desineki koresponn avè l la. Aprè ou fin gade videyo a oswa aprè ou fin li band desine a, itilize kesyon sa yo pou kòmanse yon diskisyon :
 - « Selon ou, de kisa istwa a ap pale ? »
 - « Kisa istwa a ap eseye montre nou ? »
 - « Poukisa Intella panse Lilly ak Kofi ta dwe santi yo gen chans paske yo ka ale lekòl la ? »
 - « Poukisa Mundo ak Anita pa t ka ale lekòl ankò ? »
 - « Èske ou panse li enpòtan pou tout timoun gen posiblite pou yo ale lekòl epi pou yo jwe ? Poukisa ? »
 - « Kisa w t ap fè si w te Intella ? »
7. Mande timoun yo pou yo fè yon wonn epi ba yo yon boul. Eksplike yo, yo dwe fè pas ak boul la tou dousman, epi chak fwa yon moun pran boul la, li dwe di yon konsekans posib yon vyolasyon dwa timoun w ap di. Kòmanse ak : « timoun yo oblije abandone lekòl ».
8. Aprè yon ti tan, bay yon lòt egzanp sou vyolasyon dwa timoun, epi envite yo pou yo kontinye fè pas ak boul la epi pou yo jwenn konsekans yo. Pa ezite itilize yon egzanp timoun yo te bay nan etap 5 la, oswa itilize youn nan deklarasyon sa yo :
 - Timoun yo oblije travay nan move kondisyon epi yo pa peye yo.
 - Yo pran timoun yo nan men paran yo.
9. Bay chak timoun yo yon vèsyon pou timoun nan Konvansyon Nasyonziini sou dwa timoun yo, epi mande yo pou yo li de atik byen fò. Si ou pa gen yon kopi pou chak timoun, li sa ki afiche sou mi an.
10. Ansanm, idantifye dwa ki pa t ekri nan aktivite pou yo te Kòmanse a. Ajoute dwa sa yo nan tablo ki gen fèy mobil yo. Après, kole fèy la nan sal klas la.

Ribrik Orantasyon : kontekstyalizasyon ak pètinans selon laj la

Li enpòtan pou w fè leson yo yon fason ki pi pètinan si sa posib pou lavi timoun yo, espesyalman lè se pou gwoup ki gen pi piti laj yo.

Yo ka adapte oswa mete egzanp vyolasyon dwa yo an kontèks pou yo ka pi byen koresponn ak sa timoun yo deja konnen yo. Pa egzanp, si nan kominote ou a, yo eksplwate timoun yo pou yo fè yo mande epi se yon pratik komen, ou ka itilize egzanp sa a.

Lè w ap anseye timoun ki pi gran yo, ou ka prezante egzanp vyolasyon dwa timoun ki fèt nan lòt pati nan monn lan. Yo ka pwopoze timoun ki gen pi piti laj yo egzanp sa yo, pita nan leson an oswa nan yon lòt leson. Egzanp sa yo bay timoun yo yon vizyon ki pi laj sou sa timoun yo ap viv nan diferan kilti ak nan diferan peyi.



Refleksyon



Ribrik Oryantasyon : Bay tan pou aktivite Refleksyon an

Selon laj, enterè timoun yo ak kontèks lokal la, aktivite Refleksyon an ka ankouraje yon aksyon ki senp anpil.

Pa egzanp, timoun yo ka konsantre yo sou "dwa pou bay opinyon yo" (atik 12) epi yo ka aksepte pou yo toujou respekte opinyon lòt moun, menm lè lòt moun sa yo pa dakò avèk yo.

Aktivite [Refleksyon](#) an ka yon bagay ki pi konplèks tou. Pa egzanp, li ka mete aksan sou « edikasyon espesyalize ak bay timoun ki ap viv ak yon andikap swen » (atik 23) epi li ka gen ladan li yon pwojè kanpay pou chèf etablisman an ak pou kominote a.

Konsa, tan ki nesèsè pou konplete aktivite [Refleksyon](#) an ka varye. Li ka pran plis pase yon jou. Pou sijesyon sou kijan pou fè li, konsilte aktivite [Siplemantè](#) a.



1. Envite timoun yo pou yo idantifye yon aksyon yo ta renmen fè nan klas la, nan lekòl la, oswa nan kominote a pou pwomote dwa timoun yo. Envite yo chwazi yon dwa timoun yo panse yo pa aplike nan lekòl yo a oswa nan kominote yo a.
2. Diskite sou estrateji ki posib pou pote chanjman epi amelyore aplikasyon dwa yo nan klas la, nan lekòl la ak nan kominote a.

Aktivite an Fanmi

Envite timoun yo pou yo poze paran yo kesyon sa yo :

« Kijan lavi ou lè w te timoun diferan de pa m lan jodi a? Kijan sa ye pou lavi paran ou yo ak granparan ou yo? »

Envite timoun yo pou yo diskite ak paran yo sou dwa timoun ki pa t pwoteje menm jan ak jodi a ak kijan pwoteksyon dwa timoun yo chanje. Envite yo pou yo mande paran yo pou yo rakonte yo kèk ti istwa sou lavi yo oswa sou lavi granparan yo ki montre kijan dwa timoun yo chanje.

Si sa posib, pandan leson aprè yo, envite timoun yo pou yo rakonte ti istwa sa yo te tande nan men paran yo ak sa yo aprann sou dwa timoun yo.



Refleksyon

**Aktivite siplemantè: aji pou defann epi pou pwomote dwa timoun yo**

Poukisa ou pa itilize aktivite **Refleksyon** an tankou yon pwojè klas ki pi long? Ou ka reflechi sou aksyon pou w defann epi pou w pwomote dwa timoun yo nan nivo lokal, nasyonal ak entènasyonal.

Envite timoun yo pou yo fòme plizyè ti gwoup. Nan gwoup yo a, mande yo pou yo idantifye yon dwa yo renmen anpil epi yo ta renmen defann.


Envite chak gwoup pou yo prezante dwa yo te chwazi a epi eksplike poukisa yo te chwazi li. Fè yon lis chwa sou yon tablo fèy mobil epi kite klas la vote pou dwa yo vle pale sou li a.

Lè klas la chwazi yon dwa, nou dwe dakò sou estrateji ki posib pou pwomote li. Kite timoun yo wè lwen :

- Ou ka travay sou yon kanpay sansibilizasyon ;
- Ou ka ekri yon seri règ ki kouran pou yon lekòl ki baze sou dwa timoun, pou prezante bay chèf etablisman an ;
- Ou ka eseye ranmase lajan pou fè yon don bay yon òganizasyon karitatif ki defann dwa ou te chwazi a.

Lè ou abòde sijè a, li enpòtan pou w asire w pwosesis la santre sou timoun epi timoun yo ka patisipe ladan l. Li pa dwe konsantre sou dwa ou vle pale sou li a, men sou dwa timoun yo wè ki pi enpòtan an. Kite yo fè chwa yo poukont yo pandan w ap aji tankou yon gid, epi asire w tout moun ap patisipe menm jan epi aktivite a ap fèt nan yon anviwònman ki an sekirite.





YON MOZAYIK DIFERANS

Plan leson sou :

Viv ansanm nan lapè, respè, ak akseptasyon.

Konsèy pou w adapte leson yo nan diferan kontèks ak nan diferan reyalite :

- Asire ou modifiye istwa a nan aktivite **Siplemantè** yo pou adapte li ak kontèks la.

Objektif Aprantisaj la :

Nan fen leson sa a, elèv yo ta dwe kapab :

- Konnen tèt yo epi rekonnèt lòt moun tankou yon moun inik ;
- Selebre divèsite ki egziste pami kamarad klas yo ;
- Konprann epi apresye valè divèsite yo ak diferans yo.


Kòman pou w itilize plan leson sa :

Plan leson sa divize an twa pati : **Entwodiksyon**, **Aprantisaj** ak **Refleksyon**. Li gen ladan l tou ribrik **Oryantasyon** pou ede w apwofondi konesans ou sou sijè espesifik yo. Anplis, ou pral jwenn bwat ki pwopoze aktivite an **Fanmi** ak aktivite **Siplemantè** ki pa obligatwa pou eksplòre plis bagay sou sijè leson an.

Apèsi nan leson an :

Nan aktivite ki aprè yo, timoun yo ap eksplòre karaktè inik yo ak diferans yo. Pandan y ap itilize atizay yo, y ap reflechi sou valè divèsite a ak kijan sa a pote yon bagay anplis pou sosyete a.

Finalman, yo ap eksplòre valè ki pwòp ak chak grenn nan nou ak enpòtans pou trete tout moun ak respè epi ak ekite, epi goumen kont tout fòm diskriminasyon.



- Si sa posib, gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Ekite alonè (L'équité à l'honneur) » oswa li [band desine](#) li. band desineki koresponn avè l la, toude disponib sou sit entènèt inisyativ [GRACE](#).

Anplis, dekouvri [band desine pou kolorye](#) ak [liv pou timoun](#), toude disponib sou sit entènèt inisyativ GRACE.

Pwoblematik :

Kisa ki fè nou inik ?

Poukisa nou ta dwe valorize epi selebre diferans yo?

Laj:

9 a 12 lane

Valè yo:



Konpetans



Dire:



Preparasyon ak sipò kou yo:

- Mete tout materyèl desen yo nan yon kwen nan sal la epi mete founiti yo nan yon lòt kwen nan sal la.
- Krayon koulè, makè, ak materyèl desen.
- Fèy A4 - de pou chak timoun
- Materyèl pou mozayik yo :
 - 6 baton kòl (youn pou chak gwoup)
 - 6 fèy papye ki di (anviwon 20x20 cm / 8x8 pous pou chak grenn) - pa egzanp, katon yo resikle ki sòti nan vye bwat soulye ta dwe bon. Yo ka itilize eleman sa yo tankou kawo pou mozayik la.
- Dekoupe gwo moso papye koulè pou fè moso mozayik (fòm ki pa regilye yo pi bon, anviwon 1x1 cm/0,5x0,5 pous pou chak grenn). Ou dwe prepare tout yon ranje koulè diferan. Nan sans sa a, ou ka, pa egzanp, dekoupe vye magazin, sa ap byen bon. Yo rele moso mozayik la tesèl.
- Si sa posib, itilize yon gwo fèy papye (A1 oswa A2 ap bon) ou ka mete yo ansanm pandan w ap gwoupe plizyè fèy papye A4. Pou fini, w ap kole tout kawo yo sou fèy sa a.


Entwodiksyon



1. 1. Montre timoun yo materyèl desen an epi eksplike yo w ap kòmanse ak yon aktivite desen jodi a. Esplike yo chak timoun dwe pran yon fèy A4 epi pou yo desine sa yo vle ladan l. Yon sèl règ yo dwe suiv se pou yo itilize sèlman yon sèl koulè.
2. 2. Kite yo desine pandan senk minit, aprèsa mande yo pou yo sispann desine. Di timoun yo pou yo fè wonn sal la pou yo kapab wè desen kamarad yo a.
3. 3. Aprè, eksplike yo, yo ka pran yon lòt fèy A4 epi yo ka kòmanse yon nouvo desen, men fwa sa a, yo ka itize tout koulè ki disponib yo.
4. 4. Aprè senk minit, mande timoun yo pou yo sispann desine epi pou yo fè wonn sal la yon sèl fwa pou yo gade desen kanmarad yo a.
5. 5. Aprè kèk minit, mande klas la pou l diskite sou kesyon sa yo:

« Kisa ou te santi lè yo te di w itilize sèlman yon sèl koulè a? Kisa ou te santi aprèsa, lè yo te kite w itilize tout koulè ou te vle yo ? »

« Kiyès nan de desen yo ki pi bèl? Èske se sa ou te fè ak yon sèl koulè a oswa èske se sa ou te fè ak plizyè koulè yo? »
6. 6. Fè yon ti entwodiksyon sou sijè jounen an : eksplike timoun yo, jodi a nou pral pale sou diferans yo epi diskite sou bote ak valè divèsite a.



Aprantisaj



1. Eksplike timoun yo, menm jan ak koulè nou te itilize pandan aktivite desen an, nou tout diferan youn ak lòt nan plizyè fason.
2. Mande timoun yo pou yo fòme senk gwoup. Bay chak gwoup yo yon kòl, yon katon kare ak anpil moso papyè ki kolorye. Eksplike yo, yo pral kreye yon mozayik jodi a. Moso papyè ki pi piti yo se pyès mozayik yo oswa tesèl, pandan katon kare yo se kawo kote chak gwoup yo ap kole pyès mozayik yo pou fè pwòp kawo mozayik yo.
3. Eksplike yo chak gwoup ap travay ansanm sou yon sèl kawo mozayik, men yo dwe suiv enstriksyon ou yo avèk atansyon. W ap endike nan enstriksyon ou yo, ki koulè tesèl pou yo mete sou kawo mozayik la, men yo dwe santi yo lib pou yo kreyatif konsènan kote y ap kole moso a sou katon an.
4. Kounye a, li enstriksyon yo youn apre lòt, pandan w ap bay timoun yo ase tan pou yo aplike yo. Pou yo ka konprann pi plis toujou, ou ka ekri enstriksyon yo sou tablo a tou, pou timoun yo ka gade yo pandan y ap travay sou mozayik yo.
 - Tout fi yo pran yon tesèl ble, epi tout gason yo pran yon tesèl wouj. Mete yo kote ou vle sou katon an.
 - Tout timoun ki pa gen frè ak sè yo ap mete yon tesèl jòn sou katon an, timoun ki gen yon sèl frè oswa yon sèl sè ap mete yon tesèl wouj, timoun ki gen de ap mete yon tesèl jòn abriko, timoun ki gen twa ap mete yon tesèl woz, epi timoun ki gen plis pase twa yo ap mete yon tesèl vèt.
 - Mete yon tesèl jòn abriko sou katon an si ou renmen foutbòl, yon tesèl mawon si ou renmen gade fim, yon tesèl vèt si ou renmen li, epi yon tesèl jòn si ou renmen fè lòt bagay.
 - Mete yon tesèl wouj sou katon an si ou renmen pòm detè, itilize yon tesèl jòn si ou renmen diri, itilize yon tesèl jòn abriko si ou renmen farin, epi pran yon koulè nwa si ou renmen manje lòt matyè.
 - Mete yon tesèl jòn sou katon an si ou bon nan matematik, itilize yon tesèl ble si ou bon nan fransè, yon tesèl vèt si ou bon nan espò, epi pran yon tesèl jòn abriko si ou bon nan yon lòt matyè.
 - Ranpli espas vid yo ak koulè ou pi renmen an.
5. Aprè w fini, mande tout moun pou yo pran kèk minit pou fè wonn plizyè lòt gwoup yo epi pou yo gade kawo mozayik chak moun. Après, envite timoun yo pou yo diskite sou karaktè inik chak moun ak sou diferans yo. Poze timoun yo kesyon sa yo :
 - « Kisa ou panse nou ka aprann nan aktivite sa a ?
 - « Kijan tout diferans nou yo te kontribye nan kreye mozayik sa a?
 - « Ki kalite diferans nou te eksplòre nan aktivite sa a selon ou? Ankouraje timoun yo pou yo reflechi sou diferans yo nan tèm gou pèsònèl, biyografi, estrikti fanmi, konpetans, elatriye. Note repons yo sou tablo ki gen fèy mobil la. W ap bezwen li pita. »



Aprantisaj



6. Si sa nesèsè, eksplike yo kijan chak moun diferan, menm jan ak desen nou yo, nou tout inik. Poze kesyon sa yo :

« Kisa ki t ap rive kawo mozayik yo si nou youn pa t diferan de lòt? Ak kisa mozayik yo t ap sanble nan ka sa? »

« Kisa ki t ap rive si nou tout te menm nan klas nou an? Ak si nou pa t gen okenn diferans? »

« Kòman sa t ap ye nan monn lan menm? Kisa ki t ap rive si pa t gen diferans okenn kote nan monn lan, epi si tout moun te gen menm karakteristik, menm gou, menm kapasite, elatriye? »

7. Ranfòse lide pou di menm si nou sanble anpil nan plizyè aspè, okenn nan nou pa menm moun. Nan diferans nou yo, nou chak kontribye pou pote yon bagay anplis nan klas nou an ak nan monn lan yon fason ki inik.
8. Envite tout timoun yo pou yo rasanble nan mitan, pou yo kole kawo mozayik yo sou yon fèy papye ki pi laj, epi kole li nan mi an.



Ribrik Oryantasyon : aprann sou diskriminasyon

Diskriminasyon se sa ki fè yon moun oswa yon gwoup moun jwenn yon tretman ki diferan de lòt moun.

Diskriminasyon an souvan baze sou karakteristik espesifik yon gwoup, tankou ras, sèks, reliyon, etnisite oswa oryantasyon seksyèl. Yo souvan fè diskriminasyon an paske yo konsidere yon gwoup oswa yon moun « diferan » de pifò lòt moun yo.

Kijan nou ka evite prejije ak diskriminasyon?

Se pou lespri w pa kwense : eksplòre epi poze kesyon lè yon bagay nouvo oswa diferan. Pa pè diferans yo. Si yon moun diferan de ou oswa panse diferan de ou, sa pa vle di li gen tò!

Rekonèt epi panse sou sipozisyon yo : dekonte lide yo, mande tèt ou si w konn jije yon lòt moun sou baz lide oswa konsèp ki te deja etabli. Si sa fèt, panse ak sipozisyon ou yo epi reflechi sou fason aksyon ou yo afekte lòt moun.

Antanke yon pwofesè, eseye pa kite kesyon sou diferans yo san repons, epi fè atansyon pou pa kreye tabou konsènan kèk gwoup moun.

Refleksyon



Remak : Si l posib pou w gade ak timoun yo videyo [videyoZorbs](#) yo ki rele « Ekite alonè (L'équité à l'honneur) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, suiv etap ki anba yo (1 a 3). Si sa pa posib, sote etap 1 an epi kòmanse ak etap 2 a.

1. Si sa posib, gade videyo Zorbs yo ki rele « Ekite alonè » ak timoun yo oswa li band desine ki koresponn avè l la. Sèvi ak kesyon sa yo pou fasilite yon diskisyon aprè ou fin gade videyo a oswa aprè ou fin li band desine a.

« Poukisa moun yo pa t trete Intella byen aprè pwodui chimik la te tonbe a? »
 « Kòman Intella te santi li ? »
 « Poukisa gwoup Ken ak Lily a te diskalifye? »
 « Èske ou panse yo te byen fèt diskalifye l? » « Poukisa ? »
 « Kisa nou ka aprann nan istwa sa a? »



2. Kounye a, mande timoun yo pou yo retounen nan lis ki gen diferans yo ou te note nan nimewo 5 aktivite [Entwodiksyon](#) an. Mande timoun yo pou yo reli nòt yo epi reflechi sou kesyon sa yo :

« Ki lòt fason nou diferan youn ak lòt? »
 « Èske ou panse gen kèk moun yo pa trete byen akòz aparans yo, konpetans yo oswa lòt karakteristik? »
 « Èske ou ka site kèk egzanp moun ki souvan viktim diskriminasyon oswa yo pa trete yo byen? »
 « Poukisa ou panse yo fè sa ? Kòman ou panse moun ki viktim diskriminasyon ka santi yo? »
 « Kisa ou t ap fè si ou te temwen yon sitiyasyon kote yo t ap trete yon moun mal? »



3. Konkli pandan w ap raple valè diferans nou yo genyen, epi ensiste sou enpòtans pou aksepte epi apresye diferans chak moun, pandan n ap trete tout moun avèk respè. Eksplike pou w di lè w trete chak moun avèk respè, lè w valorize diferans yo, epi lè w goumen kont diskriminasyon, sa yo kontribye pou kreye sosyete ki aksepte tou moun, ki gen plis jistis, ak plis lapè. Asire ou ajoute pwèn sa yo :

- Tout moun gen valè, tout moun merite respè epi yo dwe trete tout moun konsa. Nou dwe trete tout moun yon fason ki ekitab epi nou dwe reflechi sou fason aksyon nou yo afekte lòt moun.
- Nou dwe aksepte epi valorize tout diferans moun genyen.
- Nou pa dwe gen prejije sou karakteristik ak konpetans lòt moun : pa janm jije selon aparans.
- Lespri nou pa dwe kwense sou diferans yo : se pi bon fason pou nou evite prejije.
- Tout moun gen valè. Chak grenn nan nou pote yon bagay inik ki pote yon bagay anplis nan sosyete nou an.



Refleksyon

**Aktivite Siplemanèt : goumen kont diskriminasyon**

Ou ka kontinye aktivite **Refleksyon** an pandan w ap mete aksan sou sitiyasyon kote yo pa trete moun yo byen epi kote yo viktim diskriminasyon.

Li istwa sa a nan klas la. Adapte li epi modifiye li pou l gen rapò ak kontèks ou a.


« Ana nouvo nan lekòl li a. Li fèk vin nan vil ou a ak nan peyi ou a : li menm ak fanmi li soti nan yon peyi etranje. Li pale yon lang ki diferan de pa w la epi li poko pale lang ou an byen. Sa li manje a midi a diferan de pa w la, epi li abiye yon fason ki diferan tou. Lòt elèv yo toujou ap joure li. Y ap fawouche l akòz rad li, manje l ap manje ak aksan li lè l ap pale lang lan. Yo pa janm envite l patisipe ak lòt moun yo nan okenn aktivite, jwèt, oswa evènman, epi li toujou poukont li nan rekreyasyon. »

Mande timoun yo pou yo panse epi pou yo reflechi ansanm sou kesyon sa yo :

- Poukisa ou panse lòt timoun yo ap fawouche Ana ? Poukisa yo pa envite l patisipe nan aktivite yo ?
- Poukisa yo wè Ana « diferan » de yo ? Kijan ou panse yo santi yo anvè Ana ?
- Kijan ou panse Ana santi li ?
- Kisa ou t ap fè si ou te nan menm lekòl la oswa menm klas ak Ana ?
- Kijan ou t ap ede li santi li pi byen ?
- Kisa ou t ap fè si ou te wè lòt timoun yo ap fawouche l oswa ap trete li mal ?

Pou fini, reflechi sou dènye pwèn ki nan aktivite **Refleksyon** an ak sou fason chak diferans yo kontribye pou fè monn lan gen plis koulè epi pi bèl. Poze timoun yo kesyon sa yo : Kijan diferans Ana yo konpare ak lòt timoun yo ap pote yon bagay anplis pou lekòl li a ?

Si sa nesèsè, repete dènye pwèn yo nan aktivite **Refleksyon** an.



Refleksyon



Aktivite an Fanmi

Envite timoun yo pou yo eksplòre diferans ki nan mitan manm fanmi yo epi pou yo konprann kijan chak fanmi ak chak kilti kontribye nan divèsite kominote a.


Mande chak timoun pou fè yon ti entèvyou ak paran yo epi pou yo poze yo kesyon sa yo :



Nan ki peyi/rejyon/vil/gwoup etnik paran yo fèt ? Nan ki peyi/rejyon/vil/gwoup etnik granparan yo fèt ?

Ki manje yo pi renmen fè nan vil la oswa kote yo soti a ? Ki rad tradisyonèl yo genyen ?

Ki kalite tradisyon oswa selebrasyon ki pwòp ak kote yo fèt la?

Lè w tounen lekòl la, mande chak timoun pou yo pataje repons yo te jwenn yo, epi si sa posib, montre diferan rejyon yo sou yon kat yon peyi oswa sou kat monn lan. Pale non sèlman sou diferans chak fanmi ak sou fason chak fanmi gen karakteristik ki pwòp ak li, men tou souliye resanblans yo ak pwen komen ki egziste nan fanmi yo. Pandan w ap sèvi ak egzanzp manje, envite timoun yo panse sou fason divèsite manje a kontribye nan yon kizin nasyonal ak entènasyonal ki divèsifye. Eksplike yo kijan orijin, tradisyon, ak kilti chak fanmi kontribye pou fè monn nou an gen plis koulè.





PI BON BAGAY POU W FÈ

Plan leson sou :

L'éthique et l'intégrité.

Konsèy pou w adapte leson yo nan diferan kontèks ak nan diferan reyalite :



- Anvizaje pou w modifiye eleman nan plan leson aktivite entwodiksyon an ki pa koresponn ak anviwònman w lan.
- Si w ap travay ak yon gwo gwoup timoun, ou ka ranplase travay de moun lan ki nan aktivite Entwodiksyon an ak yon travay plizyè ti gwoup.

Objektif Aprantisaj la :



Nan fen leson sa a, timoun yo ta dwe kapab :

- Konprann kijan aksyon ak chwa endividyèl yo ka gen konsekans pozitif oswa negatif sou nou menm, sou lòt moun ak sou anviwònman an ;
- Rekonèt epi valorize konpòtman pozitif ak respè pou lòt moun ak pou anviwònman an ;
- Idantifye bon desizyon pou pran si yo fè fas ak chwa difisil epi konprann kijan pou yo deside fè sa ki apwopriye yo.

Kòman pou w itilize plan leson sa :



Plan leson sa divize an twa pati : [Entwodiksyon](#), [Aprantisaj](#) ak [Refleksyon](#). Li gen ladan l tou ribrik [Oryantasyon](#) pou ede w apwofondi konesans ou sou sijè espesifik yo. Anplis, ou pral jwenn bwat ki pwopoze aktivite an [Fanmi](#) ak aktivite [Siplemantè](#) ki pa obligatwa pou eksplòre plis bagay sou sijè leson an. r davantage les sujets de la leçon.

Apèsi nan leson an :



Kèk desizyon senp nou pran chak jou, tankou chwazi ant manje tomat oswa kawòt. Lòt desizyon yo pi difisil.

Nan leson sa a, timoun yo dwe reflechi sou chwa yo fè ki gen rapò ak aksyon yo. Yo dwe egzamine konsekans aksyon yo epi reflechi paske gen kèk aksyon ki gen konsekans negatif, pandan gen lòt ki gen konsekans pozitif.

Avèk senaryo imajinè yo, timoun yo ap obsève konpòtman pozitif ak negatif yo epi y ap reflechi sou konsekans konpòtman sa yo, ansanm ak sa ki fè moun yo aji konsa.

Timoun yo dwe idantifye bon desizyon pou yo pran nan senaryo sa yo epi reflechi sou kijan yo ka konnen ki pi bon bagay pou yo fè.

Pwoblematik :

Ki konsekans aksyon mwen yo ?

Poukisa li enpòtan pou w pran bon desizyon an ?

Laj:

6 a 9 lane

Valè yo:



konpetans yo:



Dire:



Preparasyon ak sipò Kou a :

- Si sa posib, gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Devlope bon abitud (Prendre de bonnes habitudes) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, toude disponib sou sit entènèt inisyativ [GRACE](#). Anplis, dekouvri [band desine pou kolorye](#) ak [liv pou timoun yo](#), toude disponib sou sit entènèt inisyativ GRACE.



Entwodiksyon



1. Eksplike timoun yo, klas jodi a ap fèt sou enpòtans pou fè bon chwa epi pran bon desizyon, menm si pa gen moun k ap gade.
2. Envite timoun yo pou yo fè gwoup de moun pou yo travay. Eksplike yo pou w di yo w ap li kèk fraz epi y ap diskite sou yo après. Envite yo pou yo reflechi sou sa ki annapre a:
 - « Ki konsekans posib aksyon nou yo? »
 - « Èske konsekans aksyon nou yo pozitif oswa yo negatif? »
3. Eksplike chak gwoup dwe montre yon figi tris si yo panse konsekans aksyon yo negatif, oswa yon figi ki kontan si yo konsidere yo pozitif. Envite yo pou yo pataje opinyon yo ak rès klas la.
4. Li deklarasyon sa yo byen fò. Modifye yo si sa nesèsè. Pran yon ti tan aprè chak deklarasyon (pa egzanzp, yon minit) pou timoun yo diskite, epi envite chak gwoup pou yo pataje opinyon yo.
 - Mwen te ede vwazen mwen an pote pwovizyon li yo nan etaj la.
 - Mwen te fè yon kat pou anivèsè pi bon zanmi mwen an.
 - Mwen te aksepte ede pi bon zanmi mwen an kopye pandan egzamen matematik la.
 - Mwen te manje yon fig epi mwen jete po a atè devan lekòl la.
 - Youn nan timoun ki nan lekòl mwen an mwen te joure m.
 - Mwen te wè youn nan timoun ki rete nan katye bò lakay mwen an ap pouse yon lòt timoun mwen pa konnen, epi mwen te kouri ale.
 - Mwen di manman mwen pwofesè mwen an te felisite m pou travay aplastik mwen an.
 - Mwen pa t reponn salitasyon vwazen m lan maten an.
5. Esplike, tout aksyon nou yo gen konsekans, epi kèk nan yo bon, kèk nan yo pa bon.



Aprantisaj



Remak : Si l posib pou w gade ak timoun yo [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Devlope bon abitud (Prendre de bonnes habitudes) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, suiv etap ki anba yo. Si sa pa posib, sote etap 2 la.

1. Esplike timoun yo, klas la ap egzamine poukisa li enpòtan pou toujou panse ak konsekans aksyon nou yo epi pou asire nou nou fè sa nou dwe fè yo.
2. Envite timoun yo pou yo gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Devlope bon abitud (Prendre de bonnes habitudes) » oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la. Aprè ou fin gade videyo a oswa aprè ou fin li band desine a, itilize kesyon sa yo pou kòmanse yon diskisyon :
 - « Daprè ou, kisa istwa a ap eseye anseye nou? »
 - « Poukisa Grace te panse li te kapab jete po fig la atè a? »
 - « Ki konsekans ki t ap genyen si Grace ak Signal te jete po fig la atè a? »
 - « Poukisa Grace ta dwe jete po fig li a nan poubèl, menm si pa gen moun k ap gade li? »
 - « Poukisa Sentimo ak Signal te ranmase fatra lòt moun yo epi yo te mete yo nan poubèl la alafen? »



Aprantisaj



3. Envite timoun yo pou yo fòme plizyè ti gwoup. Bay chak gwoup youn nan fraz aktivite **Entwodiksyon** an kote youn nan pèsonaj yo te fè yon chwa ki gen konsekans negatif pou yo, pou lòt moun, pou kominote a oswa pou anviwònman an. Si ou vle, ou ka kite timoun yo pwopoze lòt chwa ki gen konsekans negatif.
4. Eksplike chak gwoup dwe pran senk minit pou reponn kesyon sa yo:
 - « Kisa chak pèsonaj nan sèn sa a santi selon ou? »
 - « Poukisa, selon ou, moun yo ka konpòte yo konsa? »
 - « Èske sa se li ki pi bon bagay pou w fè a? Poukisa ? »
5. Envite chak gwoup pou yo prezante repons yo epi pou yo pale de chak senaryo ak rès klas la.
6. Envite klas la reflechi sou sa ki pi bon pou w fè nan chak senaryo. Envite timoun yo pou yo pwopoze lòt opsyon kote pèsonaj yo pran bon desizyon epi evite tout konsekans negatif yo.

Ribrik Oryantasyon : Si ou wè yon bagay ki pa bon epi ou pa fè anyen, ou fè pati pwoblèm lan

Pafwa, konprann ki bon desizyon pou w pran ka parèt difisil. Nan egzanp sa yo, timoun yo ta ka gen difikilte pou yo konprann poukisa sa yo dekri a pa pi bon bagay pou w fè a:

1. Mwen te aksepte ede pi bon zanmi mwen an kopye pandan egzamen matematik la.
2. Mwen te wè youn nan timoun ki rete nan katye bò lakay mwen an ap pouse yon lòt timoun mwen pa konnen, epi mwen te kouri ale.

Timoun yo ka panse sa ki annapre a, epi li enpòtan pou w abòde kesyon sa yo :

1. Pa gen moun ki blese, epi si pa gen moun ki konn sa, poukisa ede zanmi mwen an se yon move chwa ?
2. Gen yon moun k ap maltrete yon lòt, men mwen pa responsab move aksyon sa a. Poukisa mwen ta dwe fè yon bagay ?

Itilize fraz sa yo pou kòmanse yon diskisyon konsènan egzanp senaryo sa yo :

1. Eksplike, lè w ap kopye se tankou ou t ap bay manti, li se yon enjistis anè lòt moun. Se poutèt sa, li pa janm yon bon desizyon pou w pran, epi nou pa dwe ankouraje sa. (Si ou vle konnen plis sou rezon ki fè li pa bon pou w kopye, konsilte plan leson "Rezime gwo konsekans yo / Des raccourcis aux grandes conséquences").
2. Eksplike, li enpòtan pou w pran bon desizyon menm si pa gen moun ki bò kote w oswa menm si pa gen moun k ap gade, paske souvan gen konsekans negatif, menm si yo rive aprè epi menm si pa gen moun ki te konnen se ou menm ki te fè sa.
3. Eksplike pou w di fè yon bon bagay vle di konpòte ou yon fason ki ekitab, ki jis, epi ki gen respè, pa paske ou pè pinisyon, men paske valè sa yo se gid moral k ap dirije tout aksyon nou yo pou nou konstrui yon sosyete ki aksepte tout moun, ki gen jistis, ak lapè.



Refleksyon



1. Eksplike timoun yo li ka difisil pou yo deside si yo te fè yon bon oswa yon move bagay.
2. Ansanm, diskite sou kijan yo ka detèmine si yon aksyon se bon oswa yon move desizyon pou yo pran. Itilize ribrik **Oryantasyon** sa a ki rele « Kijan pou w konnen si se pi bon bagay pou w fè a? » pou oryante diskisyon an.
3. Mete aksan sou enpòtans pou yo tandè vwa k ap pale anndan yo a. Presize pou w di yo pran bon desizyon pa vle di sèlman suiv règ ak lwa yo. Aprann fè bon chwa a gen ladan li tou evalyasyon sityasyon an ak konsekans aksyon li yo, ansanm ak aksyon lòt moun.
4. Pou fini diskisyon an, raple yo lè nou gen dout sou sa ki bon pou nou fè, li toujou bon pou nou pale ak yon granmoun nou fè konfyans.

Ribrik Oryantasyon : Kijan pou w konnen si se pi bon bagay pou w fè a?

Egzèsis sa a ka ede timoun yo pran bon desizyon yo.

Esplike yo, yo dwe panse ak tout konsekans posib aksyon yo ap genyen epi yo dwe asire yo :

- Pa gen moun ki blese (yo menm tou ladan l) oswa ki an danje.
- Pa gen moun (yo menm tou ladan l) ki enkyè, poukont yo, fache, pè oswa tris.
- Pa gen moun (yo menm tou ladan l) ki santi yo anbarase, jennen oswa ekskli.
- Yo jis epi yo respekte tout moun ak tout bagay, sa gen ladan li tou anviwònman an.
- Yo fè pou lòt moun sa yo ta vle yo fè pou yo.
- Y ap panse ak kisa granmoun yo fè konfyans yo epi yo respekte yo t ap fè nan menm sityasyon sa.
- Yo tandè vwa k ap pale anndan yo a : kisa nou panse de aksyon sa a nan fon kè nou?

Santi w lib pou w adapte deklarasyon sa yo si sa nesesè.




Aktivite an Fanmi : fè yon tablo chak semèn sou « bon desizyon yo »


timoun yo pou yo kreye yon tablo chak semèn sou « bon desizyon yo » ak fanmi yo.

Pou kreye tablo sa a, yo dwe pran yon moso papye epi divize l an sèt ranje. Agoch, yo dwe ekri jou ki nan semèn lan.

Eksplike, pou chak jou nan semèn lan, yo dwe panse sou desizyon y ap pran yo. Nan fen chak jounen, yo dwe diskite ak fanmi yo pou yo dekouvri ki desizyon ki te gen konsekans pozitif. Paran yo, frè ak sè yo ka patisipe pandan y ap pataje bon desizyon yo. Après, chak moun dwe ekri bon desizyon yo nan tablo a.

Si sa posib, nan fen semèn lan, envite timoun yo pou yo pataje tablo yo a ak rès klas la epi pou yo diskite ansanm sou sa yo te ekri a.





REZOU DILÈM ETIK YO



Plan leson sou :

Entegrite, etik ak onètete.

Konsèy pou w adapte leson yo nan diferan kontèks ak nan diferan reyalite :

- Eseye modifiye deklarasyon yo nan aktivite **Aprantisaj** la pou ka adapte yo ak klas ou a.
- Envizaje pou w modifiye **kat senaryo ki sou entegrite** yo pou w ka adapte yo ak klas ou a.

Objektif Aprantisaj la :

Nan fen leson sa a, timoun yo ta dwe kapab :

- Konprann sans ak enpòtans entegrite, etik, ak onètete.
- Reflech sou enpòtans sa genyen pou w onèt ak entansyon ak motivasyon ou genyen anvan lòt moun yo.
- Konprann poukisa li enpòtan pou aksyon w yo koresponn ak pawòl ou yo.

Comment utiliser le plan de cette leçon :

Plan leson sa divize an twa pati : **Entwodiksyon**, **Aprantisaj** ak **Refleksyon**. Li gen ladan l tou ribrik **Oryantasyon** pou ede w apwofondi konsepsyon ou sou sijè espesifik yo. Anplis, ou pral jwenn bwat ki pwopoze aktivite an **Fanmi** ak aktivite **Siplemantè** ki pa obligatwa pou eksplòre plis bagay sou sijè leson an.

Apèsi nan leson an :

Nan leson sa a, timoun yo ap eksplòre sans entegrite, etik ak onètete, ansanm ak enpòtans yo nan lavi yo chak jou. Y ap aprann prensip ki ta dwe gide chwa nou yo, espesyalman enpòtans onètete.

Timoun yo ap aprann pou rekonèt konpòtman etik ak konpòtman ki pa etik nan lekòl la tou, epi y ap reflechi sou konsekans aksyon sa yo ak sou fason konpòtman etik la ka ede nan konstrui yon monn ki aksepte tout moun, ki gen jistis ak lapè.

Pou fini, pandan n ap travay ansanm, timoun yo ap ekri yon kòd konduit pou ede garanti entegrite, onètete, ak konpòtman etik nan klas la ak nan lekòl la.

Pwoblematik :

entegrite, etik ak onètete ye?

Poukisa li enpòtan pou w pran bon desizyon an menm lè pa gen moun k ap gade?

Poukisa li enpòtan pou di sa ou panse ak panse sa ou di a ?

Laj:

9 à 12 lane

Valè yo:



konpetans yo:



Dire:



Remak : leson sa ka fèt sou plis pase yon jou. W ap jwenn nan plan leson sa kèk konsèy pou w divize epi elaji aktivite yo.

Preparasyon ak sipò kou a:

- Kèk seri kat senaryo sou entegrite.
- Tablo fèy mobil (ki rele tou tablo papyè oswa paperboard yon fo anglis, non ki kòrèk la an anglè se flipchart).
- Makè.
- Si sa posib, gade **videyo** Zorbs yo ki rele « Rezime gwo konsekans yo (Des raccourcis aux grandes conséquences) » oswa li **band desine** ki koresponn avè l la, toude disponib sou sit entènèt inisiativ **GRACE**. Anplis, dekouvri **band desine pou kolorye** ak **liv pou timoun yo**, toude disponib sou sit entènèt inisiativ GRACE.



Entwodiksyon



Remak: Aktivite sa a ka elaji epi li ka fèt an de pati (etap 1 a 3 ak etap 4 a 12). Sa ap pèmèt ou pase plis tan pou eksplòre konsèp etik, entegrite ak onètete. Ou ka itilize ribrik Oryantasyon sou sans etik, entegrite ak onètete pou w kòmanse epi pou w kontinye ak diskisyon yo.

1. Envite timoun yo pou yo fòme gwoup de moun epi mande chak gwoup pou yo diskite sou sa yo t ap fè nan senaryo sa a :
Ou envite yon zanmi ki pa twò popilè nan klas ou a, pou l jwe avèk ou. Pandan w ap tann zanmi sa a, ou rankontre kèk lòt kamarad ki popilè anpil. Ou ta byen renmen fè pati gwoup yo a. Yo envite w vin jwe ak yo men yo di w pa ka vini ak zanmi ou an.
« Kisa w t ap fè ? Epi poukisa ? »
2. Aprè kèk minit, envite chak gwoup pou yo pataje opinyon yo. Poze yo kesyon sa yo :
« Èske li te fasil oswa èske li te difisil pou w pran yon desizyon ? »
« Poukisa li te fasil oswa poukisa li te difisil ? »
3. Eksplike timoun yo, jodi a nou pral pale de moman kote nou dwe fè chwa epi deside sa ki bon pou nou fè yo.

Di yo desizyon ki konsène **sa yo dwe fè** yo ak sa ki bon pou yo fè yo se desizyon etik.

Eksplike yo, yo pral fè fas ak tip chwa sa yo souvan, epi lè yo fè sa ki bon yo, ak lè yo pran desizyon ki baze sou panse kritik, refleksyon ak anpati, y ap adopte yon konpòtman etik. Si sa nesèsè, ou ka itilize enfòmasyon ki nan ribrik **Oryantasyon** sou sans etik, entegrite ak onètete pou eksplike konsèp sa.

Ribrik Oryantasyon : sans etik, entegrite ak onètete

Etik la se yon sistèm prensip moral. Prensip sa yo fòme konpòtman nou epi yo pèmèt nou distenge sa ki byen ak sa ki mal, ansanm ak sa nou dwe fè.

Fè sa ki dwat se montre nou gen yon panse kritik, nou onèt parapò ak entansyon ak motivasyon nou anvè lòt moun, prevnans ak anpati.

Lè nou konnen ki desizyon ki bon pou nou pran epi pou nou aplike li, nou konpòte nou yon fason ki etik.

Si nou toujou konpòte nou yon fason ki etik, sa vle di nou gen entegrite. Entegrite se aji yon fason ki koyeran selon prensip etik la.

Aji avèk entegrite vle di toujou fè sa ki dwat, menm lè pa gen moun k ap gade oswa lè pa gen moun ki blese dirèkteman.

Sa vle di tou fè sa ki dwat pou bon rezon an : ou p ap fè l pou yon rekonpans oswa pou atansyon, men w ap fè l paske se sa ki bon pou w fè. Pa egzanp, lè nou onèt, lè nou respekte lòt moun ak anviwònman an, lè nou jis, lè n ap defann nan sa nou kwè, lè pawòl nou yo koresponn ak aksyon nou yo, ak lè nou rete fidèl ak tèt nou.

Onètete se lè nou dirèk epi nou sensè, se lè nou di sa nou panse ak panse sa nou di, se lè nou respekte règ jwèt la, epi nou evite pou nou pa twonpe moun menm.

Onètete se yon aspè nan entegrite ak yon prensip etik, se sou li konpòtman nou ta dwe baze. Lè nou onèt, sa ede nou toujou fè sa ki dwat.

Si ou vle konnen plis sou ansèyman etik nan klas, [Site web Ethique Primaire](#) se yon bon sous. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou eksplorasyon entegrite nan klas, ak sou fason entegrite esansyèl pou nou konbat koripsyon epi pou nou konstrui yon sosyete ki aksepte tout moun, ki gen jistis, ak lapè, konsilte manyèl [Education for Integrity manual](#) OCDE a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou ansèyman sou onètete nan klas, gade plan leson Pran bon desizyon an epi konsilte [cette source](#) [sur the Great Expectations website](#).



Entwodiksyon



4. Di timoun yo w ap abòde tou de konsèp ki gen rapò ak : entegrite ak onètete.
5. Envite chak timoun ekri yon chif soti nan 1 rive 10 sou yon moso papyè. Di yo pou yo pa kite kamarad klas yo a gade chif yo.
6. Eksplike klas la, w ap site yon chif, epi timoun ki te chwazi chif sa a ap genyen.
7. Site yon nimewo ki pi gran pase 10, tankou 25.
8. Kounye a, mande klas la :
 - « Kisa nou panse de jwèt sa a ? »
 - « Èske li jis pou mwen site nimewo 25 lan ? »
 - « Poukisa ? Kòman w santi w ? »
 - « Èske ou panse mwen te yon pwofesè ki jis ? »
 - « Poukisa ? »
9. Si sa nesesè, eksplike timoun yo, ou te etabli règ jwèt la kote yo te bezwen chwazi yon chif ant 1 ak 10. Men, si ou rele yon nimewo ki pi gran pase 10, sa vle di ou pa respekte règ yo. Ou te twonpe lòt moun epi ou te malonèt.
Onètete se yon valè kle ki ta dwe yon prensip gid nan lavi timoun yo. Sa ap ede yo pran bon desizyon. Lè moun yo toujou viv daprè prensip sa a epi yo toujou konpòte yo yon fason ki etik, yo se yon moun ki gen **entegrite**.
10. Envite timoun yo pou yo fòme yon gwoup, epi bay chak gwoup yon tablo ki gen fèy mobil ak kèk makè.
11. Eksplike timoun yo, sou baz diskisyon yo te fè a, chak gwoup dwe fè yon lis tout **valè ak prensip** yo panse yo dwe respekte nan lavi yo. Sa yo ta dwe gid pou konpòtman yo, pou yo ka toujou konnen kisa ki bon pou yo fè.
12. Mande chak gwoup pou yo prezante travay yo a, epi mete afich yo nan diferan kwen nan klas la.



Aprantisaj



Remak : Aktivite sa a ka elaji epi fèt an de pati (etap 1 a 4 ak etap 5 a 8). Si ou ka gade [videyo](#) Zorbs yo ki rele « Rezime gwo konsekans yo (Des raccourcis aux grandes conséquences) » ak timoun yo oswa li [band desine](#) ki koresponn avè l la, suiv tout etap ki anba yo. . Si sa pa posib, sote etap 4 la.

1. Envite timoun yo pou yo fòme kèk gwoup. Eksplike yo, ou pral li yon seri fraz epi yo dwe deside nan gwoup la ki sa ki bon pou yo fè nan chak sitiyasyon.
2. Li fraz sa yo byen fò. Aprè chak fraz, asire ou ba yo ase tan pou gwoup yo ka diskite. Après, mande chak gwoup yo pou yo pataje sa yo panse ki bon bagay pou fè nan chak sitiyasyon yo epi poukisa. Ou ka modifiye fraz sa yo pou fè yo plis apwopriye pou klas ou a.
Kisa ou t ap fè si...
 - Ou wè pi bon zanmi ou an ap vòlè yon tablèt chokola nan magazen ki sou katye a ?
 - Ou jwenn yon bous atè a nan wout ki pa gen moun ?
 - Ou te vle achte yon nouvo jwèt men ou pa gen ase lajan, epi men manman ou ki gen lajan l ki tonbe atè a ?
 - Ou wè yon timoun popilè nan lekòl la ap entimide yon lòt nan lakou a ?
 - Pi bon zanmi ou an te mande ou pou li ka kopye sou ou pandan yon egzamen matematik, jis yon fwa?
 - Yon timoun popilè nan lekòl la te di ou pou ou pa zanmi Katie paske li etranj ?
3. Aprè ou fin pase sou fraz sa yo, diskite ak klas la pou di timoun ki toujou pran bon desizyon se yon timoun ki gen **entegrite**.
4. Envite timoun yo pou yo gade [videyo](#) Zorbs yo « Rezime gwo konsekans yo (Des raccourcis aux grandes conséquences) » oswa li [band desine](#) koresponn avè l la. Apre ou fin gade videyo a oswa aprè ou fin li band desine a, itilize kesyon sa yo pou lanse yon diskisyon:
 - « Kisa ou panse istwa a ap eseye anseye nou ? »
 - « Poukisa ou panse Scooter te deside pou l kopye nan egzamen an? »
 - « Poukisa Scooter te anbarase lè li te resevwa pri pwofesè a? »
 - « Yo pa t kenbe Scooter lè li t ap koye nan egzamen an. Èske sa vle di se pa t yon move lide pou li te kopye sou Partu ? »
 - « Kisa ou t ap fè si ou te Scooter lè pwofesè a t ap felisite ou pou nòt ou te fè nan egzamen an, pandan se kopye ou te kopye repons yo sou yon lòt moun? »
5. Envite timoun yo pou yo fòme gwoup senk moun. Bay chak gwoup yon seri kat sou senaryo ki gen rapò ak entegrite. Mande chak timoun pou yo pran yon kat epi pou yo li l pou gwoup yo a. Eksplike, chak seri kat yo lye ak yon senaryo, epi chak kat reprezante yon pèsonaj nan senaryo a. Eksplike, pandan y ap travay an gwoup, chak timoun ap reprezante pèsonaj ki sou kat yo te chwazi poukont yo a epi y ap di sa yo panse pèsonaj la t ap panse oswa t ap fè





Kat senaryo sou entegrite : Seri 1



Antonia

Ou te etidye anpil pou egzamen matematik la. Lavèy egzamen an, zanmi ou an Marco di ou li te jwenn kopi egzamen an toupre enprimant lan. Marco se pi bon zanmi ou.



Marco

Ou te jwenn kopi egzamen an toupre enprimant lan. Egzamen an ap fèt demen. Ou pa t prepare epi ou pa pare pou egzamen an. Ou gade agoch, ou gade adwat, pa gen moun k ap gade w.



Pwofesè Max

Ou te enprime kopi egzamen matematik elèv yo pral fè demen an. Men, yon demi-èdtan aprè, ou reyalize ou te kite yo toupre enprimant lan. Ou tounen epi ou jwenn kopi yo bò enprimant lan. Ou pè pou kèk elèv pa t wè yo, men ou gen dout sou sa. Reyekri egzamen an t ap mande anpil travay epi ou pa gen anpil tan.



Sonyeter

Ou pa zanmi Marco. Li souvan ap entimide ou epi li konn vòlè manje midi ou. Ou dekouvri li jwenn egzamen matematik demen an toupre enprimant lan. Ou pa t vrèman etidye pou egzamen an.



Natalie, la concierge de l'école

Ou fenk sot wè Marco pran kopi egzamen matematik Pwofesè Max te kite toupre enprimant lan. Ou konnen egzamen matematik la ap fèt demen epi Marco pa twò bon nan matematik. Ou renmen Marco anpil. Ou pa renmen Pwofesè Max paske ou panse li awogan epi li pa amikal.

Aprantisaj



Kat senaryo sou entegrite : Seri 2



Nicole

Ou menm, Ernest ak Sarah ap jwe nan menm ekip foutbòl la. Eskò a se 0-0 epi li rete twa minit avan fen match la. Ernesto fè w yon bon pas epi ou gen opòtinite pou w fè yon gòl. Ou fè yon kout tèt, men li touche men ou tou. Ou fè gòl la. Ekip ou a kontan epi tout moun felisite ou. Abit la pa di anyen. Si yo pa aksepte gòl la, ekip ou a ap soti nan lig la paske jiskaprezan, ou prèske pèdi tout match ou yo nan sezon sa a.



Ernesto

Ou se pi bon zanmi Nicole epi n ap jwe nan menm ekip foutbòl. Eskò a se 0-0 epi li rete sèlman twa minit avan fen match la. Ou fè yon bon pas bay Nicole epi li fè yon kout tèt pou l fè yon gòl, men ou wè li te manyen boul la avan li fè gòl la. Ni jwè yo ni abit la sanble pa t remake sa. Si yo pa aksepte gòl la, ekip ou a ap soti nan lig la paske jiskaprezan, ou prèske pèdi tout match ou yo nan sezon sa a.



Coach Albert

Ou se antrenè Nicole, Sarah ak Ernesto nan ekip foutbòl la. Eskò a se 0-0 epi li rete twa minit avan fen match la. Ou wè Nicole fè yon gòl. Li sanble fè gòl la ak tèt li, men ou panse li ta ka manyen boul la tou. Ou gen dout. Si yo pa aksepte gòl la, ekip ou a ap soti nan lig la paske jiskapran, ou prèske pèdi tout match ou yo nan sezon sa a.



Sarah

Ou menm, Ernesto ak Sarah ap jwe nan menm ekip foutbòl. Eskò a se 0-0 epi li rete sèlman twa minit avan fen match la. Ou pa fin twò zanmi ak Nicole. Ou wè li fè yon gòl, men ou panse li ka te manyen boul la ak men li. Ni jwè yo ni abit la sanble pa t remake sa. Si yo refize gòl la, ekip ou a ap soti nan lig la paske jiskaprezan, ou prèske pèdi tout match ou yo nan sezon sa a.



Sandra

Ou se manman Nicole. W ap gade pitit fi ou a k ap jwe yon match foutbòl. Eskò a se 0-0 epi li rete sèlman twa minit avan fen match la. Ou wè Nicole resevwa yon bon pas nan men Ernesto epi li fè yon gòl. Li fè yon kout tèt, men li ka te manyen boul la; ou gen dout. Ni jwè yo ni abit la sanble pa t remake sa. Si yo pa aksepte gòl la, ekip Nicole la ap soti nan lig la paske jiskaprezan, ekip li a prèske pèdi tout match sezon an.

Aprantisaj



6. Envite chak gwoup pou yo diskite sou pwèn sa yo :
 - « Kisa ou panse k ap pase après a ? »
 - « Selon ou, Kisa ou panse pèsonaj ou a ap fè ? »
 - « Ki konsekans chwa chak pèsonaj yo ? »
 - « Kijan chak pèsonaj ap santi yo ? Kijan lòt moun nan gwoup la ap santi yo ? »
 - « Kisa ou panse ki t ap yon desizyon etik nan senaryo sa a ? »
 - « Kisa ou panse ki t ap yon desizyon ki kontrè ak etik ? Poukisa ? »
7. Mande chak gwoup pou yo prezante senaryo yo ak repons yo devan rèl klas la.
8. Envite klas la pou l reflechi sou kesyon sa yo. Si ou bezwen èd pou w lanse oswa pou w kontinye ak diskisyon an, ou ka itilize enfòmasyon ki nan ribrik **Oryantasyon** an
 - « poukisa li pa bon pou w fè koken ? ».
 - « Poukisa li enpòtan pou yon moun aji yon fason ki etik ? Kisa k ap pase si sa ta fèt yon lòt fason ? »
 - « Poukisa li pa bon pou w fè koken ? Ki konsekans fè koken genyen ? »

Ribrik Oryantasyon : poukisa li pa bon pou w fè koken ?

Gen plizyè rezon ki fè li pa bon pou w fè koken. Men kèk egzanp pou ede ou dirije yon diskisyon ak timoun yo.

Fè koken se yon mank respè pou lòt moun. Envite timoun yo pou yo reflechi sou sa :

- Kisa ou t ap santi si ou dekouvri yon moun ou te jwe avèk li, te genyen nan fè koken ?
- Kisa ou t ap santi si ou te etidye anpil pou yon egzamen, men kamarad klas ou a te jwenn yon pi bon nòt pase ou paske li te kopye repons yo ?

Fè koken / kopye se mank respè pou moun k ap jwe ak aji selon règ yo.


Fè koken / kopye se yon siy ki montre ou pa gen respè pou tèt ou.

Envite timoun yo pou yo reflechi sou sa ki anba a :

- Kijan ou santi ou lè ou jwenn yon bon nòt nan yon egzamen aprè ou fin etidye anpil ?
- Kijan ou santi ou lè ou jwenn yon bon nòt san ou pa t etidye anpil epi ou te kopye repons yo sou yon lòt moun ?

Fè koken / kopye p ap fè ou fyè. Sa ap fè ou santi ou mal alèz. Ou pè pou yo pa kenbe ou. Lè w ap fè koken / kopye, se tankou w ap di tèt ou, ou pa kwè nan tèt ou.

Fè koken / kopye fè ou pèdi konfyans nan moun. Pa gen gwo diferans ant fè koken / kopye ak bay manti. Ou fè kòm si ou konnen yon bagay ou pa konnen, oswa ou fè kòm si ou te fè yon bagay ou pa t fè. Ou pa aji avèk onètete.



Refleksyon



1. Li byen fò deklarasyon sa a : Tout moun t ap fè koken / kopye si pa t gen moun ki t ap siveye yo epi si pa t gen pinisyon.
2. Mande timoun yo si deklarasyon sa a se verite oswa manti selon yo, epi poukisa
3. Si sa nesèsè, envite timoun yo pou yo reflechi sou enpòtans pou yo toujou aji selon prensip etik yo. Raple yo, yo dwe toujou onèt epi yo dwe toujou aji avèk entegrite, menm si genyen oswa pa genyen yon moun k ap siveye yo. Yo dwe toujou pran bon desizyon an pou bon rezon an, yo pa dwe fè l pou yon rekonpans oswa pou yon atansyon, men paske se sa ki bon pou yo fè a.

Aktivite Siplemantè : yon kòd konduit pou lekòl la

Leson sa a se yon bon okazyon pou timoun yo kreye yon kòd konduit pou lekòl la.

Mande timoun yo pou yo travay an gwoup, epi envite chak gwoup pou yo sijere 2 a 3 règ k ap garanti entegrite, onètete ak konpòtman etik nan klas la. Yo ka enspire yo nan aktivite plan leson an.

Si timoun yo bezwen èd pou kreye yon kòd konduit, men kèk egzanp règ posib. Ou ka adapte yo selon bezwen klas ou a.

- Rezilta eskolè mwen yo ap rezilta efò mwen yo.
- Pandan travay an gwoup yo, m ap kowoperatif, m ap respekte epi m ap rekonèt travay lòt elèv yo.
- Mwen p ap kopye sou zanmi klas mwen yo.
- Si m ap itilize travay oswa ide yon lòt moun, m ap mansyone sa epi m ap rekonèt ide lòt moun yo.
- Mwen p ap prezante travay lòt moun tankou travay mwen.
- Mwen p ap li dokiman ak dosye pwofesè mwen an epi mwen p ap anrejistre yo san pèmision li.
- Mwen p ap imite siyati paran mwen.
- Mwen p ap rapòte sa ki pa verite epi mwen p ap simaye fo enfòmasyon.
- Si mwen responsab yon move konduit, m ap aksepte sa epi m ap mande padon.
- M ap respekte kamarad mwen yo ak pwofesè mwen yo : m ap tandè lè y ap pale, m ap vini alè, m ap tann tou pa mwen pou m pale san mwen pa entèwonp lòt moun, epi m ap respekte lide, panse ak opinyon lòt moun yo.
- M ap respekte anviwònman an, mwen p ap jete fatra, mwen p ap gaspiye dlo, kouran ak lòt resous, epi m ap kontribye pou m kenbe klas la byen ranje epi pou lekòl la pwòp.



Refleksyon



Aktivite an Fanmi : diskite sou entegrite, etik ak onètete nan kay la

Envite timoun yo pou diskite sou etik, entegrite ak onètete avèk fanmi yo.


Sijere manm fanmi yo pou yo pataje de souvni: youn kote yo te di laverite ak yon lòt kote yo te bay manti, epi eksplike sa ki te pase nan chak sitiyasyon sa yo.

Asire ou timoun yo jwenn pèmasyon paran yo pou yo pataje istwa yo ak rès klas la. Si yo jwenn pèmasyon an, envite yo pou yo pataje istwa yo.

Li ka gen kèk istwa ki gen rapò ak yon manti ki pa t gen okenn konsekans negatif ; yo ka pa t kenbe moun lan epi li ka jwenn yon avantaj nan manti a.

Sa a se yon bon okazyon pou ou diskite sou lè w onèt epi lè w ap aji avèk entegrite vle di ou toujou ap pran bon desizyon, menm si pa gen moun k ap gade oswa pa gen okenn moun ki blese dirèkteman.

Raple enpòtans entegrite, etik ak onètete, epi toujou fè sa ki dwat.





**DÉCOUVREZ D'AUTRES SUPPORTS
PÉDAGOGIQUES AUTOUR DES ZORBS :**

fun-corner.unodc.org



Mondyal pou Edikasyon ak
Mwayen pou Jèn yo gouden kont
Koripsyon